

**ISHENGERO RY'ABADIVANTISTE B'UMUSI W'INDWI MU BURUNDI**  
**UNIYO MISIYONI Y'UBURUNDI**  
**B.P. 1710 Bujumbura**

**ICIVUGO: "KUGARUKA KU GICANIRO"**

**IMISI CUMI Y'UGUSENGA**

**11-21 Nzero 2023**

## IBIRIMWO

<b>INTANGAMARARA</b> .....	1
<b>Icivugo Cacu Mur'Iyi Misi Cumi y'Amasengesho</b> .....	2
<b>Kugaruka ku Gicaniro: Guha Imana Ikibanza.</b> .....	2
<b>Ibintu Nyamukuru Tuzokwisunga mu Misi Cumi yo Gusenga</b> .....	3
<b>Gutumbereza kw'Isengesho ry'Urunani</b> .....	5
<b>Ivyerekeye Umwanditsi</b> .....	13
<b>Ijoro ry'Amasengesho</b> .....	14
<b>Amasezerano yo muri Bibiliya Twokwishuza mw'Isengesho</b> .....	16
<b>Isabato yo Guhimbaza</b> .....	24
<b>Integuro yo kw'Isabato mu Misi Cumi yo Gusenga</b> .....	26
<b>Imitwaro yo Gusengera yo ku Rwego rw'Isi Yose</b> .....	26
<b>Umusi wa Mbere: Igenekerezo rya 11 Nzero 2023</b> .....	31
<b>URI HEHE?</b> .....	31
<b>Umusi wa Kabiri: Igenekerezo rya 12 Nzero 2023</b> .....	35
<b>KWITANGA HAMWE NO KWIBUKA</b> .....	35
<b>Umusi wa Gatatu: Igenekerezo rya 13 Nzero 2023</b> .....	38
<b>MU GATONDO NO KU MUGORоба</b> .....	38
<b>Umusi wa Kane: Igenekerezo rya 14 Nzero 2023</b> .....	41
<b>IKIGARUKANA IMANA</b> .....	41
<b>Umusi wa Gatatu : Igenekerezo rya 15 Nzero 2023</b> .....	44
<b>YESU YAVYUKA KARE</b> .....	44
<b>Umusi wa Gatandatu : Igenekerezo rya 16 Nzero 2023</b> .....	47
<b>UMUHIZI MU GUSENGA IJORO RYOSE.</b> .....	47
<b>Umusi w'Indwi: Igenekerezo rya 17 Nzero 2023</b> .....	50
<b>ISHENGERO RISENGA</b> .....	50
<b>Umusi w'Umunani: Igenekerezo rya 18 Nzero 2023</b> .....	53
<b>UGUSENGA HAMWE N'UBUTUMWA BW'ABAMARAYIKA BATATU</b> .....	53
<b>Umusi w'Icenda : Igenekerezo rya 19 Nzero 2023</b> .....	56
<b>NTUTAKAZE UMUTWE</b> .....	56
<b>Umusi w'Icumi: Igenekerezo rya 20 Nzero 2023</b> .....	59
<b>NDAGENDA !</b> .....	59

## INTANGAMARARA

Murahawe ikaze mu nteguro y'Imisi cumi yo gusenga 2023! Turizera ko isengesho arico kibanza kivukiramwo ikangura! Imana yarakoze ibitangaza vyinshi cane muri iyi myaka iheze mu kwishura ku myanya twamaranye nayo twisonzesheje kandi dusenga. Mpwemu Yera yatumye haba ikangura, ukwihana, igishika co kugira amavugabutumwa amashengero yasubiranye ubuzima hamwe no gusubizaho imigenderanire yari yaratosekaye.

Ng'ibi ibishingantahe bike vyo mu myaka iheze:

“Nyuma yo kuba mu masengesho y'imisi cumi, ubuzima bwanje bwo mu vya Mpwemu bwarahindutse burundu.” (Josphat T.)

“Imigisha yari irenze. Mpweum Yera yaragaragara hagati muri twebwe!” (Barbara J.)

“Imisi cumi y'amasengesho yegereje abizera bacu ku Mwami. Umuvukano wabaye mwiza cane kandi abantu baravuga ko bahisemwo kwitanga mu gikorwa co kuzana imitima kuri Kristo. (Arlene A.)

Mbega woba umaze kwumva ijwi ry'Imana riguhamagarira kugira ivugurura?

Bibiliya Yera yuzuyemwo amasezerano menshi kubwawe:

“Maz' abantu banje bitirirwa izina ryanje ni bicisha bugufi bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindikira bakareka ingeso zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw'Ijuru, mparire ivyaha vyabo, nkize n'igihugu cabo” (2 Ngoma 7:14).

“Muzondondera kandi muzombona, nimwandondeza umutima wanyu wose.” (Yeremiya 29:13).

“Kand' umuntu wese azokwambaza izina ry'Uhoraho azokizwa: kuko ku musozi Siyoni y'i Yerusalemu hazoba agakiza; nk'uk' Uhoraho yavuze, kandi mu masigarira hazobamw'abo Uhoraho azoba ahamagaye” (Yoweli 2:32).

“Mwiyegereze Imana nayo izobegera. Yemwe banyavyaha, ni mukarabe: yemwe ab’imitima ibiri, ni mwiyeze imitima” (Yakobo 4:8).

“Ehe mpagazeku rugu, ndaramukije. Umuntu niyumva ijwi ryanje, akugurura urugi, ndinjira i we, dusangire” (Ivyahishuriwe Yohana 3:20).

Turizera tudakekeranya ko ubuzima bwanyu hamwe n’ubuzima bw’abo musengera buzohinduka igihe hamwe n’abandi bizera b’ishengero muzohurira hamwe mw’isengesho. Ahantu woba uri, aho ariho hose mu vyerekeye ubuzima bwawe muri uyu mwanya, Uhoraho ari hafi cane yawe kurusha uko uvyiyumvira. Uhoraho aripfuzza gusesekaza imihezagiro yiwe ku muryango wawe, kw’ishengero ryawe, mu kibano cawe, eka mbere n’isi yose. Ingo wifatanye natwe ubu nyene mu kwishura umuhamagaro wo kugaruka ku gicaniro!

### **Icivugo Cacu Mur’Iyi Misi Cumi y’Amasengesho**

#### **Kugaruka ku Gicaniro: Guha Imana Ikibanza.**

Turihuta kandi dufise amakenga. Turashavuye kandi duhura n’intambanyi. Dufise ibikorwa kandi vyaturengeye.

Ayo n’amajambo amwe amwe abantu bo mw’isi yose bakoresha mu kuvuga ubuzima bwabo aho babaye buhindagurika kuburyo bunyaruka uyu musu. Namba namwe muremerewe n’isi yacu ishaje, turabatimirira urugendo rw’ amasengesho y’imisi cumi rushika Imana ku mutima- aho imitwaro yose ikurwaho, ibikomere bigakira inkomezi zikavugururwa. Muzosabwa kwongera kwubaka igicaniro canyu mwiharije co guhimbarizako Imana y’ukuri kandi nzima, kuko yasezeranye ngo: “Kandi muzonyambaza, muzozza munsenge, nanje nzobumva” (Yeremiya 29:12).

Dusengere hamwe kugira ngo habe ukuvugururwa kw’ibicaniro mu miryango yacu canke umuntu ku giti ciwe kugira ngo Mpwemu Yera ashobore kudukuhindura kandi aduhe ubushobozi bwo gutangaza ubutumwa bwa nyuma bw’ivyizigiro Imana ifitiye isi!

#### **Ivyo twokwisunga bishoboka mu mwanya w’amasengesho**

- Amasengesho akwiriye kuba magufi - iryungane rimwe canke abiri kuco muba muriko murasengera. Hanyuma uhe abandi akaryo nabo basenge. Umuntu

umw'umwe wese ashobore gusenga ibihetangabo vyinshi nk'uko avyipfuza, nk'uko mukora mu kiyago.

- Ntimutinye ko haba agacerere, kuko gaha umwe wese umwanya wo kwumviriza Mpwemu Yera
- Kuririmbira hamwe mwese indirimbo muyobowe na Mpwemu Yera nawo n'umugisha uhambaye. Ntibikenewe ko habamwo ibicurarangisho; kuririmba n'amajwi gusa ni vyiza.
- Aho gukoresha umwanya w'agaciro w'amasengesho muvuga imitwaro yo gusengera, shirako musenge. Hanyuma, abandi barashobora kandi gusengera imitwaro yanyu maze bakishuza amasezerano kuvyo mukeneye.

### **Ibintu Nyamukuru Tuzokwisunga mu Misi Cumi yo Gusenga**

#### **Indongozi y'isengesho rya buri musi**

Twaratanze indongozi y'isengesho kuri buri musi muri kino kiringo c'imisi icumi. Buri ndongozi iba irimwo umurongo wo muri Bibiliya, igisomwa co kwiyumvirako, ibisomwa vyo muri Bibiliya vyo kwifashisha mu gusenga, amasengesho yiyumviriwe yokoreshwa hamwe n'indirimbo ziyumviriwe mwokwifashisha. Ni vyiza rero ko mwobirwiza kugira ngo uwariwe wese aja kuba ari muri zino nteguro abe afise indongozi yo gusenga ya buri musi kugira ngo ashobore kubikurikiza mu bihe vyiza vyo gusenga muja kuba murimwo.

Amashengero y'Abadventiste b'Umusi w'Indwi kw'isi yose bazokwishira hamwe mu ntumbero yo gusengera imitwaro ya buri musi. Mwifatanye nabo mu gusenga ukoresheje imirongo yo muri Bibiliya hamwe n'imitwaro iba yashikirijwe yo gusengerwa. Ariko ntiwumve ko utegerezwa uko vyogenda kwose kuraba urutonde rwose rw'imitwaro iba yatanzwe hamwe n'amasengesho yiyumviriwe. Mushobora kwigabura mu mirwi mito mito hanyuma umurwi wose ugashikirizwa igice c'imitwaro iba yashikirijwe ngo isengerwe.

Twarashizemwo kandi igice twise Imitwaro y'Ishengero ku rwego rw'isi yo gusengerwa. Birahambaye cane gusengera hamwe nk'abagize umuryango w'ishengero

ryacu mw'isi yose. Ariko kandi murashobora gufata umwanya munini musengera ivyo mukeneye aho muherereye niba mu murwi wanyu harimwo abashitsi baje bava mu kibano. Musenge kugira ngo mumenye uburyo bubereye mwoshobora guhamwo ikaze abo mwatumiye kugira ngo biyumvemwo ko nabo bari mubagize umurwi wanyu.

**Indinganizo y'umwanya yiyumviriwe muri buri gice cose c'amasengesho.**

Imyanya yanyu yo gusenga muyigire iyisanzwe kugira ngo abagize umurwi bose bashobore gushira umutima wabo kw'isengesho. Umwanya muzomara kuri buri muce urashobora guhinduka. Izi ndongozi zo gusenga n'iciyumviro gusa gishobora kudufasha:

**Gutanga ikaze hamwe n'intangamarara:** Hagati y'iminota 2 - 5.

**Gusoma icigwa (mu ndongozi y'isengesho ya buri musi):** Iminota 5.

**Gusenga wifashisha imirongo bise "Gusenga ukoresheje Ijambo ry'Imana" (mu ndongozi y'isengesho ya buri musi):** hagati y'iminota 10 na 15

**Gusengera ivyatanzwe mu murwi "Imitwaro yashikirijwe yo gusengera" (mu ndongozi y'isengesho ya buri musi):** hagati y'iminota 20 na 30

**Ukwishura biciye mu ndirimbo n'amashimwe:** hagati y'iminota 5 na 10.

**Ibikorwa vyo kw'Isabato mu misi cumi yo gusenga**

Tumbereza ivyiyumviro kw'isengesho kandi musangize abandi ibishingantahe vyanyu vy'uburyo Imana yishuye amasengesho yanyu mu gihe c'integuro yo gusenga kuri ayo masabato abiri. Ni mube abantu bazana bishasha- hariho uburyo bw'inshi bwo gusabikanya n'abagize umuryango w'abanyeshengero ivyagiye birakoreka mu bikorane vy'amasengesho vya buri musi.

**Guhimbaza Isabato ya Nyuma**

Isabato ya nyuma igomba kuba umwanya w'umunezero udasanzwe mu kwigina ivyo Imana yakoze vyose mu misi cumi. Mutegekanye umwanya uhagije wo gushikiriza ibishingantahe vy'amasengesho yishuwe muri ico kiringo, inyigisho/ikibwirizwa cerekeye isengesho, hamwe n'indirimo.

Yoborera ishengero ryose mu mwanya w'isengesho kugira ngo n'abo bandi bataje mu bikorane vya buri musi bashobore kwumva umunezero wo gusengera hamwe n'abandi. Kugira ngo wunguke vyinshi bigufasha, soma igitabo « Guhimbaza Isabato ».

## **Gukurikiranira hafi imisi cumi yo gusenga**

Senge kugira umenye ingene Imana yipfuzako ko ishengero ryawe canke umurwi wawe wokomeza ico watanguye muri iyi misi Cumi yo Gusenga. Kumbure muzobandanya ibihe vyo gusenga vyo mu ndwi. Kumbure Imana yipfuzako mwotangura igikorwa gishasha mw'ishengero ryanyu canke igikorwa c'ivugabutumwa mu kibano. Ni mwuguruke kandi mwemere kuyoboka muja iyo Imana izobayoborera kuja. N'ivy'ukuri ko muzotangazwa cane kugendana nayo. Igitabo **Outreach Challenge (Intambanyi mw'Ivugabutumwa)** cuzuyemwo ivyiyumviro bitandukanye bizobafasha kurangura ico gikorwa.

## **Ibishingantahe**

Sabikanya n'abandi inkuru zerekeye ingene Imana yakoze muri iyi misi cumi yo gusenga! Inkuru zanyu zizotera intege abandi bantu isinzi. Inkuru mushobora kuzirungika biciye kurubuga rw'ubuhinga ngurukanabumenyi: [www.tendaysofprayer.org](http://www.tendaysofprayer.org).

## **Gutumbereza kw'Isengesho ry'Urunani**

### **Mwemeranye mwese hamwe**

Mu gihe hari umuntu umwe ariko arashikiriza umutwaro Imana, murabe ko n'abandi bariko barasengera uwo mutwaro kandi ko bose hamwe babihurizako, birimwo inkomezi! Ntuhave wiyumvira ko kubera hari uwasengeye umutwaro ko atawundi yowusengera. Bibiliya igira iti: “Kandi ndababwira ukuri yukw' ababiri muri mwebwe ni baturiza inama mw isi gusaba ikintu cose, Data wo mw'Ijuru azokibakorera” (Matayo 18 :19). Mbega ukuntu bitera umwete guterurira hamwe umutwaro biciye mw'isengesho!

### **Kwishuza amasezerano**

Himiriza umurwi kwishuza amasezerano y'Imana mu gihe basenga. Biroroshe gutumbereza ivyiyumviro vyacu ku ngorane zacu gusa. Ariko iyo twishuza amasezerano y'Imana, twongereza ukwizera kwacu kandi tukibuka ko ku Mana ntakidashoboka. Amasezerano adufasha gukura amaso ku ntege nke zacu no ku ngorane zacu maze tukayahanga kuri Yesu. Kuri buri ntege nke, no kuri buri ntambara dushobora kubona muri Bibiliya amasezerano twokwishuza. Himiriza abantu ngo barondere muri Bibiliya ayandi

masezerano menshi ashoboka maze bayandike ahantu kugira ngo bazoshobore kuyishuza Imana muri kazoza.

N'amahirwe yacu kwishuza amasezerano y'Imana mu masengesho yacu. Ivyagezwe vyayo vyose n'impanuro zayo navyo nyene n'amasezerano. Ntiyokwigera idusaba ikintu tutoshobora gukora dukoresheje inkomezi zayo.

Biroroshe gushira ivyiyumviro vyacu ku vyo dukeneye, ku ngorane zacu, ku ntambanyi zacu- kwidoga hamwe no kurizwa n'ibihe tubayemwo igihe tuba turiko turasenga. Iyo siyo ntumbero y'isengesho. Isengesho rigenewe gukomeza ukwizera kwacu. Ni co gituma tubahimiriza ngo mwishuze amasezerano y'Imana mu mwanya wanyu wo gusenga. Ni mukure amaso kuri mwebwe no ku ntege nke zanyu maze muyahange kuri Yesu. Mu kumwitegereza, turahinduka tugasa nawe.

Ellen White adutera umwete muri aya majambo: "Buri sezerano riri mw'ijambo ry'Imana ni iryacu. Mu masengesho yanyu, shikiriza ijambo ryasezeranywe na Yehova, kandi kubwo kwizera ishuzwa amasezerano yayo. Ijambo ryayo ni icemezo c'uko ni mwasaba mwizeye, muzoronka imihezagiro yose ya Mpwemu. Ni mubandanye musaba, kandi muzoronka ibirengeye ivyo musaba n'ivyo mwiyumvira." (In Heavenly Places, p.71).

Ni gute mushobora kwishuza amasezerano yayo? Nk'akarorero, iyo musabira amahoro, mushobora gusaba mwishimikije Yohana 14:27 maze mukavuga muti: "Mana watubwiye mw'ijambo ryawe ngo: 'Amahoro ndayabasigaranye, ndabahaye amahoro yanje; sindabaha nk'uko ab'isi batanga. Ntimuhagarike imitima ntimutinye.' Mpa amahoro wasezeranye ko udusigiye. Shimira Imana ko yabahaye amahoro, n'ubwo kumbure mwoba mutarayiyumvamwo muri uwo mwanya.

### **Ukwisonzesha**

Turabahimiriza ngo muri iyi misi cumi mwisonzeshe nka kumwe ba Daniyeli bisonzesha. Gutangura umwaka usenga wisonzesha n'uburyo bwiza bwo kwegurira Imana ubuzima mu mwaka tuba dutanguye. Ellen White atubwira ati: "Uhereye uyu musigushika kwiherezo ry'ibihe, ubwoko bw'Imana bwategerezwa kuba abantu badafyinata, bari maso, batishimikiza ubwenge bwabo gusa, ariko bishimikiza ku bwenge bw'umutware wabo.



Bategerezwa gutegekanya imisi yo gusenga no kwisonzesha. Kumbure si ngombwa ngo biyime imfungurwa zose burundu. Ariko bategerezwa gufungura mu buryo bubayabaye imfungurwa ziyoroheje.” (Counsels on Diet and Foods, pp. 188, 189)

Turazi Daniyeli yafunguye ivyamwa n’insoromano kumara imisi cumi. Turabahimiriza kandi ngo mukoreshe imfungurwa zibayabaye muri iyi misi cumi y’amasengesho. Namba dukeneye kugira ivyiyumviro bitekanye kugira ngo twumve ijwi ry’Imana, kandi namba dushaka kuyegera dutegerezwa kuraba ko imfungurwa zacu zitatugora. Ukwisonzesha ntibisigura gusa guhagarika gufungura. Turabahimiriza kandi ngo mureke kuraba televiziyo, guheba umuziki, amafilimi, inkino zo mu mamashini, ubuhinga ngurukanabumenyi, imbuga ngurukana bumenyi, za Facebook, YouTube. Rimwe na rimwe n’ibintu bisanzwe atari bibi ubwavyo birashobora kudutwara umwanya munini. Shira kuruhande ibishoboka vyose kugira ngo uronke umwanya uhagije wo kumarana n’Imana.

Ukwisonzesha si uburyo bunyarutse bwo kuronka igitangaza c’Imana. Ukwisonzesha n’uguca bugufi kugira ngo Imana ikorere muri twe kandi ikore binyuze muri twebwe. Tuyegere binyuze mu gusenga no kwisonzesha nayo izotwegera.

### **Mpwemu Yera**

Suzuma neza ko mwasavye Mpwemu Yera kugira ngo abarongore mukumenya ivyo mukwiriye gusengera mu buzima bw’umuntu canke mu bihe vyihariye. Bibliya itubwira yuko tutazi neza ivyo dusengera kandi ko Mpwemu Yera ariwe adusabira.

“Ntidutegerezwa gusa gusenga mw’izina rya Yesu, ariko biciye muguhishurirwa na Mpwemu Yera. Ibi biratanga insiguro y’ico baba bashaka kuvuga igihe haba havuzwe yuko Mpwemu ‘ubwiwe aradusengera, aniha iminiho itovugwa.’ (Abaroma 8:26). Isengesho nk’iryo rihimbara Imana kuritangira inyishu. Mu gihe duhema isengesho ryuzuyemwo ubushizi bw’amanga n’inkomezi biciye mw’izina rya Yesu, harimwo inkomezi muri ubwo buryo budasanzwe. Maze igisabo twerekeje ku Mana, na yo iba yiteguye kwishura ku masengesho yacu mu buryo ‘burengeye cane ivyo dusaba n’ivyo twiyumvira vyose nk’uk’ubushobozi bwayo budukoreramwo buri’ (Abanyefeso 3:20)” (Imigani ya Kristo, p. 147, mu rurimi rw’Icongereza).

## **Kwizera**

Dusoma muri Mpwemu w'Ubuhanzi ko "Isengesho rifatanije no kwizera rizokora ivyo atabushobozi bwo kw'isi na bumwe bushobora gukora." (Igikorwa co Gukiza p. 509 mu Congereza). Tubwirwa kandi ko "Buri mpano yose yasezeranywe, turashobora kuyisaba; ubwo rero dutegerezwa kwizera ko turonse maze rero tugaca dushimira Imana kuko twaronse ico twasavye" (Education, p.258). Mwimenyereze gushimira Imana imbere y'igihe kubwo kwizera kuvyoyi iza gukora hamwe n'ingene iza kwishura amasengesho yanyu.

Mu bikoresho vy'imisi cumi y'amasengesho biri ku rubuga, harimwo igitabo kirimwo ivyiyumviro vyinshi vyo kumenyekanisha. Yesu abahamagarira kuba ibiganza vyawe hamwe n'ibirenge vyawe mw'isi imukeneye!

## **Gukora bwa kinyamakuru**

Gutunganya ikinyamakuru c'amasengesho muri ino misi cumi yo gusenga birashobora gufasha abaza gusenga gufata ivyasengewe ku musi, ku musi maze bigatuma bagirana amasezerano n'Imana mu buryo bwumvikana kandi bikabatuma bashima imihezagiro yayo. Kwandika amasengesho yacu hamwe no kugumya ibimenyetso vy'inyishu z'Imana ni iyindi nzira yapimwe ishikana ku kudacika intege.

Niba mubishaka, murashobora gutegekanya umwanya mu bihe vy'ibikorane vyo gusenga kugira ngo abantu bandike mu binyamakuru inyishu Imana yabahaye muri rwa rutonde basengeye mu mwiherero. Canke mushobora kugira ikinyamakuru c'umugwi mukandikamwo imitwaro hamwe n'inyishu baronse, haba mw'ikaye canke ku kibaho kinini, eka mbere canke ku buhinga ngurukanabumenyi. Ni ubundi buryo bwo gutera intege mu gukomeza kwubaka ukwizera mu gutereza amaso yacu inyuma kuvyoyi twasavye Imana hanyuma tukibonera ukuntu Imana nayo yishuye amasengesho!

## **Gusonera**

Himiriza kandi wongere ube akarorero mu mwifato wo kwubaha. Tuzirikane ko turiko turegera intebe y'Umwami aganza ijuru n'isi. Ntidufate uyu mwanya wo gusenga minenerwe biciye mu nyifato yacu canke uburyo tubikoramwo. Ariko kandi si ngombwa ko buri muntu wese yokwama apfukama umwanya wose. Mwipfuzako abantu bumva

baguwe neza mu kiringo c'isaha imwe. Bahimirize uwariwe wese yifate mu buryo yumva ko bumworohera haba gufukama, kwicara canke guhagarara, ukw'Imana imurongoye, kandi bumve baguwe neza.

### **Amasengesho mu mungane magufi**

Amasengesho akwiriye kuba magufi kandi atumbereye neza ico usengera. Ibi biha abandi akaryo ko gusenga. Mugerageze amasengesho yanyu abe agizwe n'amajambo make. Umuntu umw'umwe wese ashobore gusenga ibihetangabo vyinshi. Gusenga amasengesho magufi bituma umwanya wo gusenga ukundwa cane maze bikemerera Mpwemu Yera kwandika mu bwenge bw'abagize umurwi bose uburyo bwiza bwo gusenga. Ntibikenewe ko wama ijambo ryose rihereza canke ritangurirwa na "Data udukunda" hamwe na "Amen." Ico ni ikiyago kibandanya uba uriko uragirana n'Imana.

### **Agacerere**

Nk'umurongozi, ntiwigere wihariza umwanya wo gusenga. Intumbero n'uko ahubwo abandi bose bosenga. Imyanya y'agacerere ni myiza cane kuko iha akaryo Imana kuvugana n'imitima yacu. Reka Mpwemu Yera akore kandi uhereze umwe wese umwanya wo gusenga.

### **Mu kuririmba**

Indirimbo zitorewe ngaho zirimbwa n'abagize umurwi bose, zirimbwa hagati y'amasengesho bizana akandi kanovera mu bikorane vyo gusenga. Urutonde rw'indirimo rwokoresha rwagiye ruratangwa ku mpera ya buri cigwa. Ntuhawe wumva ko bikenewe gukoresha izo ndirimbo zose, izo ni iziyumviriwe gusa. Ukuririmba ni uburyo bwiza bwo gutandukanya imyanya yo gusenga.

### **Kwakira imitwaro yo gusengerwa.**

Ntukigere usaba imitwaro yo gusengerwa abantu bagize umurwi. Ahubwo bwira abo bantu basengere imitwaro yabo kandi uhimirize abandi ngo bemere ubwo buryo bwo gukora kandi basengere iyo mitwaro. Ehe impamvu: **Umwanya!** Ukuvuga kuvyerekeye imitwaro bizodufata hafi umwanya wacu wose wo gusenga.

Satani aranezerezwa cane no mu gihe ashoboye tuguma tuvuga ingorane aho gusengera iyo ngorane. Abagize umurwi bazokomeza kenshi batanga impanuro bongera batanga imiti yose ishoboka. Ariko tuzirikane ko inkomezi ziva k'Uhoraho! Uko tubandanya dusenga niko ubushobozi bwiwe bukomeza kwiyerekana.

### **Umwanya wanyu wa buri musi**

Birahambaye cane! Menya neza ko mwebwe nk'abarongozi muramara umwanya buri musi ku birenge vya Yesu, muganira nawe kandi musoma Ijambo ryiwe. Ukumenya Imana niwabigira nyambere mu buzima bwawe, ivyo bizokwugururira inzira nziza y'imibereho. "Mu kibanza c'ibanga c'amasengesho havuyeyo ubushobozi bwanyiganyije isi yose mu gihe c'ubugorizi buhambaye. Aho rero, hamwe n'agacerere kera, abakozi b'Umwami bashize ibirenge vyabo kw'ibuye ry'amasezerano yiwe" (Intambara Ihambaye, p. 210 mu rurimi rw'Icongereza). Igihe umurongozi asenze, Uhoraho nawe aca akorera ku mitima!

### **Gusengera abandi**

Himiriza buri muntu wese ngo asengere ubudasiba abantu bari hagati ya batanu n'indwi Imana yashize ku mutima wiwe. Bashobora kuba abavyeyi, abagenzi, abo mukorana ku kazi, ababanyi canke uwundi uw'ariwe wese woba uzi. Bahimirize kugira ngo basabe Mpwemu Yera abayobore mu gihe bahitamwo ayo mazina kandi bashobore kugira ico babafasha muri iki kiringo c'imisi icumi yo gusenga. Mushobora gutanga amakarata canke ugashikiriza abantu impapuro boshobora kwandikako amazina y'abo bantu bipfuzza kuzoja barasengera.

### **Intambanyi z'ivugabutumwa mu misi cumi yo gusenga**

Yesu ntabwo aduhamagarira gusenga gusa ariko kandi gufasha mu buryo bw'umubiri n'ubw'impwemu abatuzengurutse hirya no hino yacu. "Nari nshonje, murangaburira, nari mfise inyota, mumpa ico nywa; nar' ingenzi, mumpa indāro; nagenda gusa, muranyambika; nari ngwaye, muza kurāba uko meze; nari mw ibohero, muza kundāba" (Matayo 25 :35, 36).

Mu gitabo citwa *Igikorwa co Gukiza* dusoma amajambo agira ati: “Dutegerezwa kubaho ubuzima bw’uburyo bubiri—ubuzima bw’iciyumviro hamwe n’ubuzima bw’igikorwa, isengesho ryo mu gacerere hamwe n’igikorwa gishimitse” (Urupapuro 512 mu rurimi rw’Icongereza). Twararonse urukundo rudasanzwe rwavuye ku Mukiza wacu, kandi turafise amahirwe yo gusabikanya urwo rukundo n’abagenzi, ababanyi hamwe n’abanyamahanga barukeneye.

Saba Imana uburyo wewe hamwe n’ishengero ryawe mwoshobora gukorera abandi inyuma y’iyi misi cumi yo gusenga. Ubwo mugiyeye gukora ngo mutegure ibikorwa bitandukanye, mwirinde ko izo nteguro zobaciramwo mu mwanya wo gusenga.

“Akigoro k’umuntu mu gukorera abandi gategerezwa gutangurirwa n’isengesho ridasanzwe ryo mu mwiherero; kuko bisaba ubwenge bwinshi bwo gutahura ubuhinga bwo gukiza imishaha. Imbere yo kuvugana n’abantu, banza wihererane na Kristo. Ku ntebe y’ubuntu yo mw’ijuru niho turonkera umwiteguro wo gukorera abantu” (Prayer, urupapuro 313 mu rurimi rw’Icongereza).

Ngubu bumwe mu buryo bwo gufasha abandi. Hitamwo icarico cose gihuye n’ivyankenerwa vy’ikibano cawe, kandi ni wumva bikenewe murashobora kwongeramwo ibindi vyiyumviro vyanyu.

- ✓ Tegurira ibifungurwa umuntu ararwaye.
- ✓ Tumira umubanyi/uwo mukorana ku kazi munezeranwe.
- ✓ Hereza ibifungurwa uwutagira aho akika umusaya.
- ✓ Tanga impuzu wipfuzako nawe bokugabira.
- ✓ “Iyandikeko (adopter)” umuntu ageze muzabukuru. Mugendere buri musu kandi umufashe ibikorwa vya buri musu, ugusuma, uguteka, canke ibikorwa vyo mu murima.
- ✓ Kora imikate hanyuma uyisabikanye n’umubanyi wawe.
- ✓ Fasha umubanyi wawe imigambi yiwe.
- ✓ Ha indaro umuntu arwaye canke umuntu w’umukehabwenge kugira ngo abamurwajije bashobore gusimba gukora utundi dukorwa.
- ✓ Ifatanye n’umubanyi wawe mu migambi.
- ✓ Imenyekanishe ku mubanyi wawe mushasha mu kubatumira gusangirira hamwe. Mufashe ku buryo yumva ko yakiriwe neza mu kibano.

- ✓ Gura ibifungurwa kandi ubihereze imiryango ibikeneye.
- ✓ Tanga amarori yawe ya kera ku barwaye amaso muhuje uburwayi.
- ✓ Tanga Ivyigwa vya Bibiliya.
- ✓ Gendera abantu bari mu bitaro.
- ✓ Hereza amafaranga yo kugura “ibifungurwa” umunyeshure.
- ✓ Egeranya ivyambarwa vyo guha ababikeneye. Utegerezwa gutangurira kubakwegereye bari mw’ishengero ryawe kugira ngo basangire n’abandi.
- ✓ Tanga imashini yawe nyabwonko canke ibindi bikoresho bikoresha vy’umuyagankuba.
- ✓ Tanga imodoka yawe wakoreshije.
- ✓ Mutegure ivyigwa vy’intungamagara “Health Expo.”
- ✓ Rungikira ikarata yawe abafunzwe.
- ✓ Tegura urukurikirane rw’amavugabutumwa.
- ✓ Hamagara ababanyi bawe kandi ubabaze uko bamerewe.
- ✓ Gabira umuntu igitabo wiyumvira ko akeneye.
- ✓ Musabikanye ivyandiko vyitiriwe GLOW (biboneka iyo ubisavye kuri uru rubuga ngurukanabumenyi arirwo: [www.glowonline.org/glow](http://www.glowonline.org/glow)).
- ✓ Tumira umuntu runaka kwemera Yesu mu buzima bwiwe.
- ✓ Tegura ishure ryigisha guteka.
- ✓ Tanga ibitabo bivuga ivyerekeye Imana.
- ✓ Shira ibifungurwa umuntu runaka yapfishije uwiwe.
- ✓ Gendera abantu bari mu bitaro mu ntumbero yo kubatera intege canke kubafasha mu buryo runaka.
- ✓ Somera amajambo y’Imana umutama canke umutamakazi ageze mu zabukuru.
- ✓ Gendera irerero ry’impfuyi mu ntumbero yo kuryunganira kandi mufashe abakozi bahakorera.
- ✓ Tanguzwa umurwi wo gushona kugira ngo bashone impuzu zo gutanga.
- ✓ Somera Bibiliya umuntu adashobora kubona canke ngo asome.
- ✓ Tegura igiteramo c’abana kizoba mw’ijoro.
- ✓ Tegura kwubakira inzu ku bantu batishoboye.
- ✓ Tanga ibitabo mu marerero y’impfuyi.

- ✓ Twara abana mu bibanza bibamwo abageze mu zabukuru babagendere. Munahakorere integuro yo gusenga.
- ✓ Mutegekanye kwakira umusi wo kunezereza abana bagendana ubumuga hamwe n'imiryango yabo.
- ✓ Mutegure umusi w'ibikorwa rusangi vyo gusukura.
- ✓ Tanguza umurwi wo kugira amagara meza mw'ishengero ryanyu. Nimutumire n'ababanyi n'abagenzi.
- ✓ Saba umuntu niba yoshobora kwifatanya namwe mu kuraba isinema irimwo ubutumwa bw'ivy'Impwemu. Mu gihe muba muriko murayirabana n'uwo muntu, senga usaba Mpwemu Yera ngo avugane n'umutima w'uwo muntu.
- ✓ Tanguza umugambi w'iwawe.

Mu vyerekeye ibindi bintu vyinshi bivuga ivyerekeye ibishingantahe vyashikirijwe, ja ku rubuga ngurukanabumenyi arirwo uru rukurikira:

[www.revivalandreformation.org/resources/witnessing](http://www.revivalandreformation.org/resources/witnessing).

### **Ivyerekeye Umwanditsi**

Dwain N. Esmond, PhD. (Etudiant), ni umwanditsi, umupasitori yejeje. Imyaka 28 irenga irazeze, Pasitori Esmond yishura umuhamagaro w'Imana mu gikorwa cayo. Yarabaye icegera c'umuyobozi ajeje ibikorwa vyo gucapa ibitabo mw'icapiro ry'ibitabo *Review and Herald Publishing Association* imbere y'uko aja gukorera muri Ellen G. White Estate mu 2015 nk'umuyobozi n'umwanditsi yungirije. Yarayoboye inyandiko nyinshi, muri ivyo imyaka 11 yari umwanditsi mukuru w'ikinyamakuru ca kera "Youth Insight Magazine."

Dwain n'umwanditsi w'ivyirwa bitatu vy'abasore bakuze bigurishwa gusumba ibindi kandi afise ibitabo birenga 350 biri kw'isoko. Uyu musu akurikirana itegurwa n'iyandikwa ry'ibitabo biva muri Ellen G. White Estate, nka *The Gift of Prophecy in Scripture and History*, igisomwa c'ubuhinga ku gikorwa ca Mpwemu Yera mu buhanuzi; Icgwa ca Ellen White 2021, *Yesu: Izina riruta ayandi mazina yose*; kandi vuba cane hazosohorwa inyandiko ishizwe hamwe yiswe *The Three Angels' Messages* (2022). Umugore wiwe Kemba akunda cane n'umuhungu wabo Dwain Jr bahavuye bifatanyana nawe mu gikorwa.

Iki gikoresho c'imisi cumi yo gusenga categuwe n'Ishirahamwe ry'Abungere ku rwego rukuru rw'Ishengero ry'Abadventiste b'Umusi w'Indwi kw'isi yose.

### **Ijoro ry'Amasengesho**

Mutegekanye gufata ijoro ryose ryo gusenga muri ino misi cumi yo gusenga. Nk'akarorero, murashobora gutangura isaha cumi na zibiri z'umugoroba (18h00) hanyuma mugasozera isaha cumi na zibiri z'igitondo (6h00). Muhitemwo umwanya ushobora kworohereza abagize umurwi bese kugira babe bahari atanumwe avuyemwo.

### **Kubera iki ijoro ry'amasengesho?**

Nta kintu na kimwe "cera" kiri mu kuguma ukanuye ijoro ryose kandi uriko urasenga. Ariko kandi, ijoro rishobora kuba ariwo mwanya wonyene aho abantu ata gikorwa na kimwe baba bariko barakora kandi ata kibahutagiza. Twizera ko intumbero yanyu itazoba iyo kuguma mukanuye ijoro ryose ariko ko kazoba akaryo kadasanzwe ko gusenga gushika wumvise ko wasengeye ikintu ico arico cose Imana yariko irashakako wosengera.

Twobaha icyumviro ko abantu batari bake borongora iyo nteguro yo mw'ijoro. Mukore ibishoboka vyose haje harabamwo umwanya w'akaruhuko. Nk'umurongozi, urashobora kwumva uko ibintu bimeze kandi ukamenya igihe ikiruhuko gikenewe n'igihe kibereye co kuva ku murwi w'amasengesho ngo muje ku wundi murwi.

Murashobora kandi gushiramwo ibisomwa vy'imirongo yo muri Bibiliya muri uwo mwanya wo gusenga. Murashobora gushaka gukorera icarimwe ibintu vyose vyatanzwe canke bimwe muri vyo, bivanye n'uko mubona ivya nkenerwa ku murwi. Ntimubure guhindura urutonde rwatanzwe nk'uko muvumva.

### **Integuro ishoboka mw'ijoro ry'amasengesho**

**Tanguza no guhimbaza.** Muhimbaze Imana mu masengesho yanyu kandi munabikore biciye mu ndirimbo.

**Mufate umwanya runaka wo kwihana,** murabe neza ko atakintu na kimwe cobabera intambanyi ngo Imana ntibumve. Muhereze abantu akaryo ko kwaturira Imana ivyaha vyabo mw'ibanga kandi baronke umwanya wo kwihana. Himiriza abantu kwaturira



mw'ibanga ivyaha vyabo bakoreye mu mpisho hamwe no kwaturira ku mugaragaro ivyaha bakoreye ahabona. Muri Daniel 9:1-19 dusoma ivyerekeye Daniel, yasabiye kandi akaturira ku mugaragaro ivyaha vy'ubwoko bw'Imana.

**Musengere ivyo abantu baje mu bikorane vy'amasengesho bakeneye.** Abantu benshi barakomeretse canke barakeneye amasengesho cane. Bitayeho, barazi umuntu wundi akeneye mu buryo budasanzwe isengesho. Mukore umuzingi, mushire intebe hagati, hanyuma mutumire abo bantu bose bafise imitwari idasanzwe ngo baze umw'umwe musabikanye imitwari yabo. Hanyuma nimuzenguruke uyo umuntu babiri canke batatu basengere icyo akeneye mu buryo butomoye mugusaba ishitswa ry'amasezerano y'Imana.

**Gabura umurwi wanyu mu mirwi ibiri. Saba abakenyezi bakorere integuro yo gusenga mu cumba kimwe (bafise umukenyezi nk'umuyobozi wabo) Abagabo nabo mu kindi cumba (bafise umugabo nk'umuyobozi wabo).** Ibintu abantu benshi bakeneye ntibishobora gusabikanywa n'umuntu uwo ariwe wese. Biroroha cane kubisabikanya n'abantu basangiye igitsina.

Inyuma yo gusubira gukoranira hamwe mwese, **sengera ubukene bw'ikibano canyu hamwe nubw'ishengero ryanyu.** Vyongeye nimufate umwanya wo gusengera **imitwari y'ishengero kw'isi** (iyi mitwari yaradondagawe mu buryo butandukanye mu bikoresho vy'imisi cumi yo gusenga). Ntiwumve ko uca wirukira mu rutonde rwose rw'imitwari yatanze. Urashobora kuyigabagura mu mirwi mito mito maze umurwi wose ukawuhereza abawusengera.

Sengera rwa rutonde rw'abantu batanu gushika ku ndwi wakomeje gusengera muri kino kiringo c'imisi icumi.

Hitamwo umurongo wo muri Bibiliya maze musenge ariwo mukoresheje.

Musozere umwanya wanyu wo gusenga mukoresheje ikindi gice co guhimbaza hamwe n'amashimwe.

## **Amasezerano yo muri Bibiliya Twokwishuza mw'Isengesho**

### **Amasezerano yo kuronka Mpwemu Yera**

“Uhoraho abe ariwe musaba imvura ngw igwe mu gihe c'itasura, muyisabe Uhoraho arema imiravyo; na we azobaha imvura y'umuvuvu, umuntu wese amumereze imirima.” Zekariya 10:1

“None mwebwe, ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw'ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusavye?” Luka 11:13

“Arik' Umwitsa, ariwe Mpwemu Yera, uwo Data azorungika mw izina ryanje, niwe azobigisha vyose, kand' azobibutsa ivyo nababariye vyose. Uwo ni yaza, azohinyuza ab' isi, abemeze ivy' icaha, n'ivy'ukugororoka, n'ivy' amateka.” Yohana 14:26; 16:8

“N'ukuri, n'ukuri ndababwire: Unyizera, ibikorwa jewe nkora na we azobikora: kand' azokora ibibiruta, kuko jewe ngiye kwa Data. Kand' ico muzosaba cose mw izina ryanje nzogikora, kugira ngo Se ashimagizwe mu Mwana. Ni mwagira ico musaba mw izina ryanje, nzogikora.” Yohana 14:12-14

“Aranyishura, ati Ngiri ijambo Uhoraho atumye kuri Zerubabeli, ati Si kubw' inkomezi, si kubw'ubushobozi, ariko ni kubwa Mpwemu wanje, ni k'Uhoraho Nyen'ingabo agize” (Zekariya 4: 6).

### **Amasezerano y'uko Imana yishura amasengesho**

“Ni mwaguma muri jewe, amajambo yanje akaguma muri mwebwe, musabe ico mugomba cose, kizobabera kuno.” Yohana 15:7

“Nuko ni twēgēre intebe y'ubuntu dushize ubwoba, kugira ngo turonke ikigongwe, tubone Ubuntu bwo kudutabara mu gihe gikwiye.” Abahebulayo. 4:16

“Ni co gitumye mbabwira yukw ivyo musenga canke musaba vyose, mwizere yuko mubihawe, kandi muzobibona.” Mariko 11:24

“Uz' unyambaze ku musu w'amagorwa, Nzogukiza, nawe uzompesha icubahiro.” Zaburi 50:15

“Kandi ndababwira ukuri yukw ababiri muri mwebwe ni bahuriza inama mw isi gusaba ikintu cose, Data wo mw ijuru azokibakorera.” Matayo 18:19

“Kand’ ivyo muzosaba vyose musenze, mwizeye, muzobihabwa.” Matayo 21:22

“Kand’ ico muzosaba cose mw izina ryanje nzogikora, kugira ngo Se ashimagizwe mu Mwana. Ni mwagira ico musaba mw izina ryanje, nzogikora.” Yohana 14:13, 14

“Kur’ uwo musu, nta na kimwe muzombaza. Ni ukuri, n’ukuri ndababwire: Nihagira ico musaba Data cose azokibaha mw izina ryanje. Kugeza ubu nta co mwasavye mw izina ryanje; musabe muzohabwa, ng’umunezero wanyu wuzuzwe.” Yohana 16:23, 24

“Kand’ ubu ni bwo bushizi bw’ubwoba dufise kuri yo, nukw’iyo dusavye ikintu cose gihwanye n’ivy’ igomba, itwumva. Kandi ko tuzi yuko yumva ico dusavye cose, bitumenyesha yuko duhawe ivyo tuyisavye.” 1 Yohana 5:14, 15

### **Amasezerano yerekeye Ubushobozi bw’Imana**

“Mbega har’ ikinanira Uhoraho? Igihe gishinzwe, umwaka ugeze ah’uyu ugeze, nzogaruka i wawe Sara yavyaye umuhungu.” Itanguriro 18 :14

“Uhoraho ni we agira ngw abarwanire, namwe ni mwinumire gusa.” Kuvayo 14 :14

“Yesu arabitegereza, arababwira, ati Kubw’ abantu ntigishoboka, ariko ku Mana s’uko, kuko vyose bishobokera Imana.” Mariko 10 :27

“Ihamagara n’iyo kwizigirwa; no kubikora izobikora.” 1 Ab’i Tesalinike 5 :24

“Ati nzi yuk’ushobora vyose, kandi kw atagishobora kubuza imigabo yawe” Yobu 42 :2

“Ko bimeze birtyo, tuvuge iki? Bisanzwe Imana iri mu ruhande rwacu, uwoturwanya ni nde? Itimanye Umwana wayo ikamutanga kubwacu twese, izobura ite kutugabirira vyose kuri we?” Abaroma 8 :31, 32

“Ereg’ Imana s’umuntu ngw ibeshe, Kandi s’umwana w’umuntu ngo yisubiremwo! Ivyo yavuze, mbega ntizobikora? Ivyo yashinze ntizobishitsa?” Guharura 23 :19

“Ntiwaribwabimenye? Nturavyumva? Uhoraho n’Imana ihoraho, Umuremyi w’impera z’isi; ntadendebukirwa, nta ho aruha; ubwenge bwiwe ntibusesangurika. Ni we aha inkomezi abadendebukiwe, kand’ ūtagira intege amwongeramw’inkomezi. Imisore yodendebukirwa, ikaruha, n’imisore y’imikangara yokwicakw igatamba, arikw abiteze Uhoraho bazokwama biyubura mu nkomezi nsha, bazodūgisha amababa nk’ inkukuma, biruke ntibaruhe, bagende ntibadendebukirwe.” Yesaya 40 :28-31

### **Amasezerano y’Uburongozi bw’Imana**

“None si jewe nkwiabaririye, nti Shikama, ushire amanga? Nuko ntutinye, nturanduke umutima kuko jewe Uhoraho Imana yawe ndi kumwe nawe ah’uzoja hose.” Yosua 1 :9

“Kand’ ehe raba ndi kumwe na we, nzokuzigama ah’uzoja hose, kandi nzokugarukana mu’ iki gihugu; kuko ntazokureka ntarakora ivyo nkubariye.” Itanguriro 28 :15

“Ehe ngira ntume umumalayika imbere yanyu, abazigame mu nzira, abashikane aho nateguye.” Kuvayo 23 :20

“Arikw iyo nimwaharonderera Uhoraho Imana yanyu, mukamurondeza imitima yanyu yose n’ubugingo bwanyu bwose, muzomubona.” Gusubira mu Vyagezwe 4 :29

“Ati Mpamagara, nanje ndakwitaba, nkwereke ibihambaye n’ivyikinze, ivy’ utaribwamenye.” Yeremiya 33 :3

“Umwonga wose uzokuzuzwa, n’umusizi wose n’akarambi bizoringanizwa; ahār’ udutumba hazotega, uduhogoro ducike ikiyaya. Maz’ ubwiza bw’ Uhoraho buzohishurwa, kand’ abafise umubiri bose bazobubonera rimwe, kukw akanwa k’Uhoraho ari ko kabivuze.” Yesaya 40 :4, 5

“Nzokwigisha nkwereke inzira ucamwo, Nzokugira inama, ijisho ryanje rizokugumako.” Zaburi 32 :8

“Uhoraho ni we azokuja imbere; azobana nawe, ntazoguheba, ntazoguta; ntutinye, nturanduke umutima.” Gusubira mu Vyagezwe 31 :8

“Umuntu yubaha Uhoraho ni nde? Azomurangira inzira akwiye guhitamwo.” Zaburi 25 :12

“Wizigize Uhoraho umutima wawe wose, kandi ntiwishimikize ubwenge bw’iwawe: Umumenye mu ngendo zawe zose, Na we azogorora inzira zawe.” Imigani 3 :5, 6

“Ugahebera umushonji ivyo wari kurya, ugahāza impahazwa: umuco wawe uzorasira mu mwiza, kand’ umwiza wawe uzohinduka nko ku murango w’amashōka, kandi jewe Uhoraho nzokwama nkurōngōra, nzohāza ubugingo bwawe mu gihe c’ikigatwa, nguhe kunonoka mu magufa yawe; kand’uzomera nk’indimiro ikwegewemw’uruzi, kand’uzoba nk’isōko y’amazi adakama.” Yesaya 58 :10, 11

“Maze batarampamagara nzobitaba, kandi bakivuga nzobumva.” Yesaya 65 :24

### **Amasezerano yo guhindura umutima**

“Kandi nzobaha umutima wo kumenya yuko nd’ Uhoraho: bazoba abantu banje, nanje nzoba Imana yabo, kuko bazongarukanak’ umutima wabo wose.” Yeremiya 24 :7

“Kand’ Uhoraho Imana yanyu azokūrah’ ukudakebwa kwo mu mitima yanyu, n’ukwo mu mitima y’uruvyaro rwanyu, kugira ngo mumukundishe imitima yanyu yose, n’ubugingo bwanyu bwose, mubone kubaho.” Gusubira mu Vyagezwe 30 :6

“Kandi nzobaha umutima musha, mbashiremw’ impwemu nsha; nzokūra umutima ukomantaye nk’ibuye mu mibiri yanyu, mbahe umutima woroshe nk’inyama.” Ezekiyeli 36 :26

“Kand’ ico nizigiye ntakekeranya, n’uk’ uwatanguye igikorwa ciza muri mwebwe azogiheraheza gushitsa ku musu wa Yesu Kristo.” Abifilipi 1 :6

“Nuko rer’ umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’ icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha.” 2 Ab’i Korinto 5 :17

“Nabambanywe na Kristo ariko ndiho; yamara si jewe nkiriho, ni Kristo ariho muri jewe. Ivyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w’Imana yankunze, akanyigura.” Ab’i Galatiya 2 :20

“Kand’ Imana Nyen’ amahoro ibe ariyo ibeza rwose: kand’impwemu yanyu n’ubugingo bwanyu n’umubiri vyose hamwe bizigamwe, ngo bize bisangwe bitagira umugayo, ah’

Umwami wacu Yesu Kristo azozira. Ībahamagara n’iyo kwizigirwa; no kubikora izobikora.” 1 Ab’i Tesalonike 5 :23, 24

### **Amasezerano y’imbabazi**

“Maz’ abantu banje bitirirwa izina ryanje nibicisha bugufi bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindikira bakareka ingeso zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw ijuru, mparire ivyaha vyabo, nkize n’igihugu cabo.” 2 Ngoma 7 :14

“Kuko wewe Mwami uri mwiza, ugabirije guharira, Kandi wuzuye imbabazi ku bakwambaza bose.” Zaburi 86 :5

“Kandi ni mwahagarara musenga, ni haba har’ico mupfa n’uwundi, mukimuharire, ngo So wo mw ijuru na we abaharire ivyaha vyanyu.” Mariko 11 :25

“Mugiriranire neza, mugirirane imbabazi, muharirane, nk’ukw Imana nayo yabahariye muri Kristo.” Abanyefeso 4 :32

“Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kand’ igororoka, ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose.” 1 Yohana 1 :9

“Enda ni muze, twitātūre, ni k’Uhoraho agize; nah’ ivyaha vyanyu vyotukura tukutuku, bizokwera derere nka shelegi; naho vyotukura nk’agahama, bizohinduka nk’ubwoya bw’intama y’umwero.” Yesaya 1 :18

“Jewe, ni jewe nyene nsibanganya ibicumuro vyawe kubwanje, kand’ ivyaha vyawe sinzovyibuka ukundi.” Yesaya 43 :25

“Kandi ntibazoba bacigishanya, ng’umuntu wese yigishe mugenzi we, canke ngo yigishe uwo bavukana, ati Menya Uhoraho; kuko bose bazoyimenyera, uherye kuri nyarucari ugashika k’ūhambaye, ni jewe Uhoraho mbivuze; kuko nzoharira ukugabitanya kwabo, kand’ icaha cabo sinzocibuka ukundi.” Yeremiya 31 :34

“Muri we ni ho duhērwa gucungurwa n’amaraso yiwe, ni kwo guharirwa ibicumuro vyacu, nk’ukw itunga ry’ubuntu bwayo riri.” Abanyefeso 1 :7

### **Amasezerano y'intsinzi ku caha**

“Kukw icavyawe n’Imana cose kinesha isi; iyi ni yo ntsinzi yacu yatsinze isi, n’ukwizera kwacu.” 1 Yohana 5 :4

“Ariko mur’ivyo vyose turashishwaho kunesha n’uwadukunze.” Abaroma 8 :37

“Arikw Imana ishimwe, iduha gutsinda kubw’ Umwami wacu Yesu Kristo.” 1 Ab’ i Korinto 15 :57

“Ntutinye, kuko ndi kumwe na we; ntukihebure, kuko nd’ Imana yawe: nzogukomeza, nzogutabara, mbere nzokuramira n’ukuboko kw’i buryo kw’ukugororoka kwanje.” Yesaya 41 :10

“Kandi hamwe n’ivyo vyose mwābire inkinzo y’ukwizera, ni yo muzoshoboza kuzimisha imyampi ya wa Mubi yose yaka umuriro.” Abanyefeso 6 :16

“Nabambanywe na Kristo, ariko ndiho; yamara si jewe nkiriho, ni Kristo muri jewe. Ivyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w’Imana yankunze, akanyigura.” Ab’i Galatiya 2 :20

“Kukw Imana ariyo ikorerera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara.” Ab’i Filipi 2 :13

“Ndavuga nti Mugendeshwe na Mpwemu, ni ho mutazoshitsa ivy’ akameremere kanyu kifuzza.” Ab’i Galatiya 5 :16

“Imana nyen’amahoro izofyonyorerera satani vuba musi y’ibirenge vyanyu. Ubuntu bw’Umwami wacu Yesu Kristo bubane namwe. Amen.” Abaroma 16 :20

“Ntimushushanywe n’ivyo iki gihe, yamara muhinduke rwose, mugize imitima misha, kugira ngo mumenye neza ivy’ Imana igomba, ni vyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose.” Abaroma 12 :2

“Ntimugakunde isi, cank’ibiri mw isi. Umuntu niyakunda isi, ugukunda Data wa twese ntikuzoba kuri muri we.” 1 Yohana 2 :15

### **Amasezerano yo gukiza indwara**

“Arababarira, ati Nimwagira umwete wo kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mugakora ibitunganye mu nyonga ziwe, mukwumvira ivyagezwe vyawe, mukitondera ivyo yihanikirije vyose, ngo Nta ndwara azobateza nk’izo yateje Abanyegiputa; ngo Kukw’ari we Uhoraho, abakiza indwara.” Kuvayo 15 :26

“Ibihindizo vyawe bizoba ivyuma n’imiringa, Kand’ ukw imisi yawe ingana, ni kw inkomezi zawe zizongana.” Gusubira mu Vyagezwe 33 :25

“Mutima wanjye, himbaza Uhoraho; ntiwibagire ivyiza yakugiriye vyose. Ni we aharira ibigabitanyo vyawe vyose, Agakiza indwara zawe zose, Agacungura ubugingo bwawe ngo ntibuje mu mahonero, Akakwambika imbabazi no kugirirwa neza nk’igitsibo, Agahaza ubukambwe bwawe ivyiza, Agatuma usubira mu busore busha bumeze nk’ubw’inkukuma.” Zaburi 103 :2-5

“Ntukiyite umunyabwenge wewe ubwawe; Utinye Uhoraho uve mu bibi: Ivyo bizogutera kunonoka mu mubiri, no kugira umusokoro mu magufa yawe.” Imigani 3 :7, 8

“Yarakēngērwa, agahurwa n’abantu, yar’ umunyamibabaro, yarazi intimba ic’ari co, yakengerwa nk’umuntu abandi bahisha mu maso habo, na twe ntaco twamwibajijeko. N’ukuri n’izacu ntimba yishizeko, n’iyacu mibabaro yikoreye; ariko tweho twamwiyumviriye nk’uwakubiswe, nk’uwacumiswe n’Imana, akicurikirizwa n’akabonge. Yamara yacumitiwe ivyacu bicumuro, yajanjaguriwe ivyacu bigabitanyo: igihano kituronkesha amahoro cabaye kuri we, kand’imishishagu yiwe ni yo idukiza.” Yesaya 53 :3-5

“Mvūra, Uhoraho we, nanje ndakira; undokore, nanje ndarokoka: kukw ari wewe shimwe ryanje.” Yeremiya 17 :14

“Ariko nzosubira kugukomeza, nzogukiza ibikomere vyawe, ni jewe Uhoraho mbivuze; kuko bakwise uwirukanywe, bati Ni Siyoni hatagifise uhababara.” Yeremiya 30 :17

“Nti Rāba nzohazanira gukira no kuvugwa, kandi nzobavura; nzobahishurira amahoro be n’ukuri vy’isinzi.” Yeremiya 33 :6



“Ariko mweho abubaha izina ryanje izuba ry’ubugororotsi rizobarasira, rifise ugukiza mu mababa yaryo. Maze muzosohoka mukina amatavu nk’inyana zivuye mu ruhongore.”

Malaki 4 :2

“Muri mwebwe namba harih’urwaye, natumekw abashingantahe b’ishengero, baze kumusengera, bamusige amavuta ya elayo mw izina ry’Umwami wacu. Kand’ ugusenga gufataniye n’ukwizera kuzokiza umurwayi, Umwami azomuvyura: kand’ asanzwe yarakoze ivyaha azobiharirwa.” Yakobo 5 :14, 15

### **Amasezerano yo guhabwa inkomezi zo kurangura Ishaka ry’Imana**

“Nico gituma tutihebura; ariko, nah’ umuntu wacu wo ku rukoba arikw arabora, umuntu wacu w’imbere yama ahinduka musha uko bukeye. Kukw amarushwa yacu ahwahutse y’akanya ka none yiyongeraniye cane kudushikiriza ubwiza buremereye bw’ibihe bidashira. Natwe ntituraba ku biboneka, ariko turaba ku bitaboneka: kukw ibiboneka ar’ ivy’ igihe gito, arikw ibitaboneka bikaba ivy ibihe bidashira.” 2 Ab’i Korinto 4 :16-18

“Twame dukora ivyiza, ntiducobogore, kukw igihe ni cashika tuzokwimbura, ni tutarambirwa.” Ab’I Galatiya 6 :9

“Nshobozwa vyose n’ũmpa inkomezi.” Ab’i Filipi 4 :13

“Kukw Imana ari yo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara.” Ab’i Filipi 2 :13

“Arambarira, at’Ubuntu bwanje buraguhagije; kuk’ ubushobozi bwanje buhingurirwa mu ntege nke. Nuko canecane nzonezererwa kwirata intege nke zanje, ng’ ubushobozi bwa Kristo bunzeko.” 2 Ab’i Korinto 12 :9

### **Amasezerano yo kuba Ivyabona vy’Imana**

“Mwoye gutinya canke guhagarika umutima: kera sinababariye nkabiserura? Namwe mur’ ivyabona vyo kunshingira intahe. Har’ iyindi Mana atari jewe? Mbere nta kindi gitandara kiriho: jewe nta co nzi.” Yesaya 44:8

“Haguruka ukayangane, kuk’umuco wawe ushitse, kand’ ubwiza bw’Uhoraho bukaba bukurasiye.” Yesaya 60:1

“Arikw ivyo vyose biva ku Mana, yatwiyujuje kubwa Kristo, ikaduha igikorwa co kugabura umwuzuzo.” 2 Ab’I Korinto 5:18

“Arik’ Uhoraho arambarira, ati Nta co uvuga, ngo Ndacari muto; kuk’uwo nzogutumako wese ari we uzojako, kand’ ico nzokubarira cose akaba ari co ukwiye kuvuga.” Yeremiya 1:7

“Ariko muzohabwa ubushobozi, Mpwemu Yera ni yabazako, muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n’ i Yudaya hose, n’ i Samariya, no gushitsa ku mpera y’isi.” Ivyakozwe n’Intumwa 1:8

“Ariko mweho mur’ ubwoko bwatoranijwe, mukoranije kuba abaherezi, mur’ ihanga ryera, abantu bashiriweho kuba inyegu yiharije, kugira ngo mukwize ishimwe ry’Iyabahamagaye, ikabakura mu mwiza, ikabashitsa mu muco wayo utangaje.” 1 Petero 2:9

“Ariko mwubahe Kristo mu mitima yanyu kw’ari we Mwami, muhore mwiteguye kwishura umuntu wese ababajije inyanduruko y’ivyizigiro biri muri mwebwe, ariko muri n’ubugwaneza, mutinya.” 1 Petero 3:15

### **Isabato yo Guhimbaza**

Isabato ya nyuma y’imisi cumi yo gusenga muyigire umusi wo guhimbaza ubwiza bw’Imana n’ubushobozi bwayo. Ni mubwire abandi ingene mwabonye ubushobozi bw’Isengesho hamwe n’inkuru nziza y’ubutumwa bwiza butazoshira muri iyi misi cumi iheze. Muhimbarwe n’ivyo Imana yakoze, ivyo iriko irakora hamwe n’ivyo izokora.

Ubukene bwa buri shengero burisa, kubw’ivyo korana n’abarongozi b’ishengero ry’intango kugira ngo mutunganye indinganizo ihuye n’ubukene bw’ishengero ryanyu.

Ngibi bimwe muvyo mushobora gushira mu nteguro zanyu zo gusenga kw’isabato ya nyuma.

## **Icivugo: Kugaruka ku Gicaniro- Guha Imana ikibanza**

**Umurongo w'urufatiro:** « Ariko igihe kiza kandi kirashitse niho abasenga b'ukuri bazosenga Data mu mpwemu no mu kuri, kuko Data arondera abamusenga bameze batyo. » (Yohana 4 :23)

### **Indirimbo zishobora gukoreshwa:**

Gihe ciza co gusenga 89

Gumana nanje 29

Umpe Bibiliya 45

Mp'amakuru y'ivyaha Yesu 107

### **Ivyiyumviro twokwisunga mu nsiguro:**

Saba umwungere, umukuru w'Ishengero canke uwundi mwizera ashikirize insiguro ngufi ku kamaro ko kwiharerana n'Imana umuntu ku giti ciwe canke amasengesho yo mu muryango. Umurongo wo mu vyanditswe: Yohana 4:23

### **Canke**

Musabe abitabiriye imisi cumi yo gusenga bashikirize bakurakuranwa mu minota ibiri canke umwe incamake y'ivyigwa vy'indongozi y'amasengesho ku musu ku musu. Bavuge umutwe w'icigwa, umurongo w'ishimikiro, hamwe n'icyiyumviro nyamukuru c'icigwa. (Mubitegekanye hakiri kare kugira ngo ntibaze bararenza umunota umwe canke ibiri. Ku bantu benshi umunota umwe uhura n'amajambo hagati ya 125 na 150)

### **Canke**

Musabe abantu batatu b'imyaka itandukanye bategure ivyo boshikiriza bimara iminota itanu, ku buryo bihererana n'Imana ku giti cabo. Ikigeretseko saba umuryango umwe canke ibiri basabikanye n'abandi ivyiyumviro vy'ingene botunganya amasengesho yo mu muryango ahurumbirwa. Abakiri bato bashobora gufasha banyuze mu gucuraranga umuziki canke bagatanga ibishingantahe. Murangize mugira umuhamagaro kubumviriza

kugira ngo bagire umwanya wo kwihererana n’Imana n’amasengesho yo mu muryango umwitwarariko wabo.

**Ibindi vyiyumviro vyoba mu nteguro:**

*Ibishingantahe vy’amasengesho y’abizera yishuwe*

*Umwanya wo gusengera mu mirwi mito mito*

*Amatangazo y’ibikorwa vyo gusenga bikurikira canke ibikorwa bitegekanijwe*

*Inkuru y’abana ivuga ivyerekeye isengesho*

*Indirimbo zidasanzwe zatoranijwe/Igiteramo c’indirimbo*

**Integuro yo kw’Isabato mu Misi Cumi yo Gusenga**

Mushimikire cane kw’isengesho kandi musabikanye ibishingantahe vy’amasengesho yagiye yishurwa mu nteguro zo gusenga ku masabato abiri. Ni mube abantu biyumvira ibintu bishasha- hariho uburyo bwinshi bwo gusabikanya n’umuryango w’abizera ibiza biraba mu bikorane vyo gusenga vya buri musu.

**Imitwari yo Gusengera yo ku Rwego rw’Isi Yose**

1. Mana turakwinginze, reka ikangura rikomeye ry’ukugororoka kwa mbere rishike mw’ishengero ryawe muri iyi misi ya nyuma. Dushobore guhagararira ukuri naho ijuru ryokoroka.
2. Turasengeye umwidegemvyo wo kwemera n’umwidegemvyo w’umutimana mw’isi yose. Mwami turakwinginze ngo wugurure inzugi ijamba ryawe ritangazwe hose.
3. Mana, turasavye ishengero ryawe kw’isi yose ryemere umuhamagaro wagutse wo gutangaza ubutumwa bw’abamalayika batatu muri buri hanga no kuri buri rurimi. Twereke ingene izo nyigisho zose twozitumbereza ku rukundo no ku kugororoka kwa Kristo.
4. Mana turasavye Abadevantiste bo mw’isi yose bavuge ngo “Ndagenda” kandi bitabe umuhamagaro wo kugukorerana no gukwiza inkuru nziza y’agakiza.

5. Turasengeye ubwenge bwo gucukumbura, gutahura no kuyoboka Bibiliya yera y’Imana. Twigishe uburyo bwo gushira mu mirwi neza amajambo y’ukuri no kuyasabikanya n’abandi.
6. Mana turakwinginze uvugurure muri twebwe uguha agaciro inyigisho z’ijuru dusanga mu nyandiko zahumetswe za Ellen White.
7. Turasenze ngo imvura y’urushana ya Mpwemu Yera ikomeze igishingantahe cacu kandi bidushoboze kurangiza igikorwa Imana yaduhaye imbere yuko Yesu agaruka.
8. Mana, turasavye ugukira hamwe n’ikigongwe cawe mu turere twakozweko cane na COVID- 19.
9. Turasenze kugira ngo abahinga mu vy’amagara y’abantu, abahinga mu bushakashatsi, abakuru b’ibihugu, n’abajejwe amagara y’abanyagihugu baronke ubwenge ku ngingo nyinshi bategerezwa gufata.
10. Turasavye ngo Abadventiste bo mw’isi yose batange imfashanyo iboneka hamwe n’indemesho kuri abo bariko barababazwa. Dutere umwete, wo gutanguza ibintu bishasha n’umutima wo kwitangira abandi mu gihe ababanyi bacu badukeneye cane.
11. Turasengeye abo bose ubutunzi bwabo bwahungabanye kubwo gutakaza akazi canke ivyo bakora vyahagaze.
12. Mana turakwinginze, ereka abizera ingene bofasha abugarijwe n’ingorane z’ubugwayi bwo mu mutwe canke bagaranywe ku buryo bataja aho abandi bari.
13. Turasenze kugira ngo abapasitori hamwe n’amashengero aronke uburyo bwo kuguma mu mushikirano n’abizera mu gihe amashengero henshi yugaye. Mana turakwinginze ushire ishengero ryawe hamwe mu guhimbaza no mu gikorwa.
14. Turasengeye ikangura mu vya Mpwemu mu rwaruka rw’Abadventiste b’umusi w’indwi biga mu bigo vy’amashure yisumbuye na Kaminuza mw’isi yose kugira ngo babe abaserukizi ba Kristo badasanze.
15. Turasengeye ibice 69% vy’abantu baba kw’isi batarabwirwa Yesu mu buryo buboneka.
16. Dusengere abantu bashika imiliyoni mirongo itandatu na zibiri (62 millions) bakwiragiye mu bisagara 28 vyo mu gihugu cahoze citwa Ubwiyunge

bw'Ubusoviyete [Union de la Republique Socialiste et Sovietique] (Diviziyo ya Ero-Aziya).

17. Dusenge Imana ngo ihagurutse abamisiyonari b'umwete bokwipfuzza gukorera mu mirwi y'abantu ishika 746 mu bihugu 20 vyo mu Buseruko bwo Hagati (Moyen Orient).
18. Dusenge Imana ngo ihagurutse isinzi ry'Abadventiste b'Umusi w'Indwi bazokorera Imana mu gukunda abandi kandi basabikanya n'abandi bantu ivy'Imana bava mu yandi madini n'iyindi mico n'imigenzo.
19. Mana, turakwinginze ngo uhagurutse abandi banyeshure b'Abawalidensi bo muri kino gihe cacu bipfuzza gukorera mu bibanza bigoye.
20. Dusengeye imiliyoni 202 z'abantu baba mu bisagara 41 biherutse kwinjirwamwo bo muri Diviziyo ya Aziya y'Ubumanuko hamwe n'Ibahari Pasifike kugira ngo bamenye Yesu.
21. Dusengeye igisata c'Ishure ry'Isabato/Igikorwa ca buri mwizera wese muri buri shengero ry'intango mu gihe bariko bararondera integuro y'Imana kandi bashikira ikibano cabo biciye mu bikorwa vy'urukundo, kwiga Bibiliya, hamwe n'ibishingantahe vya buri muntu.
22. Dusengere ishirahamwe ry'Ishengero ry'Abadventiste b'Umusi w'Indwi ryitwa ADRA kugira ngo bashobore guhuza n'ivya nkenerwa nyavyo hirya no hino kw'isi.
23. Dusengere imiliyoni 16 z'abantu baba mu bisagara 6 biherutse kwinjirwamwo bo muri Diviziyo ya Pacifike y'Ubumanuko.
24. Dusenge dusaba Mpwemu Yera kugira ngo adufashe kumenya uburyo twoshikira imiliyoni 406 z'abantu baba mu bisagara 105 biherutse kwinjirwamwo muri Diviziyo y'Uburaruko bwa Aziya n'ibahari Pasifike.
25. Turakwinginga ngo uhezagire igisata co kuvuga ubutumwa mu bigo binini binini mu gihe kirondera abagikoramwo hamwe n'abizera bashaka kuja gukorera mu bafunzwe.
26. Uhoraho, turasengeye abigisha b'Ishure ry'Isabato. Turakwinginze ngo bamenye uburyo igikorwa cabo gihambaye cane ku bana bacu.

27. Uhoraho, turakeneye inama zawe mu bibanza vyinshi vy'ubwaku, integuro mu vy'ubuvuzi no mu vy'imiryango hamwe na JA mw'isi yose.
28. Turasenze ngo udufashe gukunda, kurera no kwigisha abizera bashasha hamwe n'abashitsi mw'ishengero.
29. Uhoraho, turakwinginze ngo utwereke uburyo tworungika ibitabo vyinshi (Vyanditse ku mpapuro canke ku buhinga ngurukanabumenyi) vyuzuyemwo ukuri kwawe mu batuzengurutse. Turagusavye ngo abantu baze babisome kandi Mpwemu Yera azobemeze ukuri kwa Bibiliya.
30. Uhoraho, turagusavye uburinzi bwawe ku Bamisiyonari bakorera mu bibanza biteye ubwoba.
31. Turakwinginze ngo uhagurutse abavugisha ubutumwa ibitabo, abakorana bushake b'abanyeshure, abanditsi, abahinga bo kumenyesha amakuru hamwe n'abashigikira mu vy'ubutunzi kugira ngo bamamaze amajambo y'ivyizigiro hamwe n'ubuzima.
32. Dusengeye amashure y'Abadventiste, abanyeshure hamwe n'abigisha bari mw'isi yose. Ano mashure azokwame igihe cose yigisha ukuri kwa Bibiliya kandi arongorere abo bakiri bato bayigamwo mu gikorwa c'Ubumisiyonari hamwe n'ibindi bikorwa.
33. Uhoraho, uduhe ubushishozi bwo gushikira imico mishasha abayirimwo batita mu vy'idini. Niwemerere Mpwemu Yera kubomora impome zubatswe ku mitima y'abo bantu.
34. Uduhezagire mu gihe dushikira abantu bagizwe imbata n'impwemu mbi, ibigirwamana hamwe n'ivyizerwa bipfuye. Udufashe gutahura uburyo babonamwo isi hanyuma dushobore kubinjizamwo ivy'Umukiza wa buri muntu.
35. Uhoraho, turakwinginze ngo uhishurire abizera b'Abadventiste b'Umusi w'Indwi bari mw'isi yose ngo bagusenge kurusha uko bigeze kugusenga muri kahise. Twigishe kwishuza amasezerano maze turindire ko ukuraho imisozi mu gihe dusenga.
36. Dusengere imirwi y'abantu ishika 541 baba mu bihugu 18 vyo muri Diviziyo y'Ubumanuko bwa Afrika hamwe n'Ibahari Indiyano. Turakwinginze ngo ubarongorere mu kuri kwa Bibiliya.

37. Twereke ingene twokwishura ku bukene mu vy'umubiri no mu vy'impwemu mu gufasha impunzi. Ishengero ryacu rimenyekane kubw'urukundo rutavangura, tutitaye kuco abantu bari hamwe n'iyo bava.
38. Turagusavye ngo uhagurutse abamisiyonari bo gukorera mu bisagara ngo batanguze amashengero mu mirwi y'abantu ishika 806 iri mu bihugu 20 vyo muri Diviziyo y'Uburayi (Division Inter-Européenne).
39. Turakwinginze ngo uhagurutse ingabo z'abakozi bo gukorera mu mirwi y'abantu ishika 948 iri mu bihugu 38 vyo muri Diviziyo ya Amerika (Division Inter-Americaine).
40. Turakwinginze ngo utwigishe uburyo bwo kwamamaza ivyizerwa shingiro vyacu mu buryo bwumvikana, bushasha kandi buhuza n'ukuri kwa Bibiliya.Urukundo rwa Yesu rube intimatima ku kintu ico arico cose twizera.
41. Uhoraho, turakwinginze ngo utegure abakiri bato bo gushinga amashengero mu mirwi y'abantu ishika 789 bo mu bihugu 9 vyo muri Diviziyo ya Amerika y'Uburaruko.
42. Turagusavye ngo utegure abakoranabushake bo gukora mu mirwi y'abantu 70 bari mu gihugu ca Isirayeli.
43. Turagusavye ngo uhagurutse Abamisiyonari b'Abaganga ngo baze gushing amashengero mu mirwi 830 y'abantu bari mu bihugu 11 bigize Diviziyo ya Afrika yo Hagati n'Uburengero.
44. Turagusavye ngo uhagurutse abarwanisha amasengesho kugira ngo basabire imirwi y'abantu 2.568 iri mu bihugu 4 vyo muri Diviziyo y'Umumanuko bwa Aziya.
45. Turakwinginze ngo imiryango yacu igaragaze urukundo rwawe mu ngo zacu hamwe no mu kibano. Turagusavye ngo uzane ukwumvikana no guhuza mu ngo zacu, wunge kandi ukize imigenderanire yononekaye, ukingire abanyantegenke ngo ntibakorerwe amabi, kandi werekane ubushobozi bwawe bweza mu bihe bisa naho ivyizigiro biriko birayoyoka.
46. Turagusavye uhagurutse Abaforoma hamwe n'Abaganga ngo bashinge amashengero mashasha mu mirwi y'abantu ishika 1.978 iri mu bihugu 22 bigize Diviziyo ya Afrika yo Hagati n'Uburengero.



47. Dusengeye abantu bashika imiliyoni 49 baba mu bisagara 19 biheruka kwinjirwamwo n'ubutumwa bw'Abadventiste b'Umusi w'Indwi bo muri Diviziyo y'Uburayi (Division Trans-Europeenne.)
48. Dusengeye abana bacu. Turakwinginze ngo ubahe ububasha bwo kuguhagararira igihe bahuye n'intambanyi hamwe n'ibibaremera. Bafashe guhitamwo n'ubushishozi bahawe na we kandi bahagararire ukuri.
49. Twigishe gukurikiza akarorero ka Yesu ko kwiyanka mu gihe duhura n'ivyo abantu batwegereye bakeneye buri musi. Udufashe gukora nk'abaganga b'abamisiyonari, abakorana bushake kandi abagenzi baba ntahonikora.
50. Uhoraho, ivugurura riva mw'ijuru rikubure ishengero ryawe muri ino misi ya nyuma. Udushoboze guhagararira ukuri naho amajuru yogwa.
51. Dusengere abarongozi b'urwaruka mw'isi yose bariko bararangurana ubwizigirwa ibikorwa bajejwe: kamere ya Kristo, inshingano y'Ishengero ry'Abadventiste b'Umusi w'Indwi, hamwe n'uburongozi mw'Ishengero ry'intango.
52. Dusengere abasore bariko barabaho nabi cane kubwa Kristo biciye mu nteguro umwaka umwe mu gikorwa (One Year in Mission) hamwe n'igikorwa ca Kalebu (Mission Caleb).
53. Shoboza abizera bacu, abapasitori, abarongozi mw'isi yose gufungura ijambo ryawe ku musi ku musi. Dushoboze kukurondera ku musi ku musi biciye mw'isengesho ry'umuntu ku giti ciwe. Twibutse ko tutagufise ataco twokwishoboza.

### **Umusi wa Mbere: Igenekerezo rya 11 Nzero 2023**

#### **URI HEHE?**

“Uhoraho Imana ahamagara uwo muntu, aramubaza, at'Uri hehe?” Itanguriro 3:9

Ikibazo gihambaye cane.

Hoba hari ikibazo gikarishe nk'ico Imana yabajije Adamu mu gihe yari ahejeje kugwa mu caha? Vy'ukuri Imana yari izi neza na neza aho Adamu na Eva bari bari. Imana izi vyose- impera n'imperuka. Noneho vy'ukuri Imana yabajije Adamu iti mbega urazi aho uri? Adamu na Eva ntibari bumviye Imana (Itanguriro 3, 4), kandi ukutumvira

kwabo kwazanye igihengeri, uguhagarara kw'imigenderanire myiza hagati y'Imana n'ivyo yaremye bitangaje. Ikibanza Imana yama ibasangamwo buri musu mu gihe cari kirenganye uwo musu carimwo ubusa. Mu maso hambere Imana yaremye uwo musu ntihamwenyuriye Imana. Ibiganza Imana yaremye ibikuye mw'ivu ntivyayifumbatiriye uwo musu. Ugutera kw'imitima kwama gusamirana kugahura n'ugutera kw'umutima w'Imana, kwari kure cane canke kwari nk'ukwacereje uwo musu.

### **Ntibihagije**

Ellen White abisigura muri aya majambo: "Satani yeretse uwo muryango mweranda ko bazokwunguka cane mu guhonyanga itegeko ry'Imana. Mbega uyu musu ntitwama twumvise iviyumviro bisa n'ivyo? (Abakurambere n'Abahanuzi, p54 mu Congereza). Adamu na Eva bakoze ikosa ryo kwumviriza umugwanizi, maze abumvishako ivyo Imana yabakoreye bitari bihagije, ko gushikirana n'Imana mu migenderanire yimbitse kandi bayizigira bidahagije. Mukanya isase, akayaga gatuje kandi kamota neza ko muri Edeni "kahindutse nk'igikonyozi ku muryango wacumuye. Urukundo n'amahoro vyama bibaranga vyari vyazimanganye maze mu kibanza c'ivyo haza ukwiyagiriza icaha, ubwoba bwa kazoza, umushaha wambaye ubusa. Ikanzu y'umuco yahora ibatwikira irazimangana, maze kugira ngo bayisubirize bagerageje kwikorera ico bitwikiriza, kuko batashobora guhura n'ijisho ry'Imana n'abamarayika bera bambaye ubusa"(p57). Icaha cari cahinduye imibereho y'ivy'impwemu y'ibiremwa bimwe rudende vyo muri Edeni Imana yataye iteka ryo kugira ishusho yayo. Noneho ivyo vyari vyononye ishusho y'Imana muri bo.

### **Umwanya wo gusenga**

Kuva ku migenderanire yatosekaya ya Adamu na Eva n'Imana gushika uyu musu aho tubona ibimenyetso bigaragara mu maso y'abantu mw'isi yose vy'imigenderanire n'Imana yahagaze, kumbure nta kindi kintu gihambaye twosengera nko gusubira mu kibanza aho Imana iturindiririye. Kumbure haraheze imyaka ibihumbi n'ibihumbi, ariko ikinyoma catsinze Adamu na Eva nticigeze gihinduka. Satani atubwira imisi yose ko Imana hari ivyo yoba itunyegeza, ko tudashobora kuyizigira, ko bidahagije.

Ubwo butumwa burakwegakwega na cane cane muri ikigihe c'iterambere aho ubuhinga aribwo bushizwe imbere, aho ibikoresho bigezweho no kwiyumvirako ibintu

vyose bigenda neza bituma abantu bizigira ko bashitse ku rundi rugero rw'ivy'impwemu, urugero rurengeye aho twebwe nyene ari twebwe tuzuzura ibizoshika aho guca bugufi imbere y'Imana yaturemye. Iki n'igihe rero co kwiyamiriza ibinyoma vya Satani maze tugahindukirira kuwa dukunze urukundo rudashira, tugahindukirira kuri wa wundi adukwegakwegesha umutima w'ubwiza (Yeremiya 31 :3) !

- Dusengere hamwe.

Umwanya wo gusenga (hagati y'iminota 30-45)

### **Isezerano rikomeye**

“N'ikintu c'ingenzi ko dushobora gusenga mu buryo bubereye; ko ibiremwa bipfa bitabereye kandi vyazimiye bigira ubushobozi bwo gushikiriza Imana ibisabo vyabo. Mbega n'ubuho bushobozi burengeye umuntu ashobora kwipfuzza kugira burengeye ubu: Kuba wifatanije n'Imana yamaho? Umuntu w'umunyanteye nke kandi w'umunyavyaha afise amahirwe yo kuvugana n'Umuremyi wiwe. Turashobora kuvuga amajambo ashikira ikirimba c'Umwami w'ijuru n'isi. Turashobora kuvugana na Yesu mu gihe tugendagenda mu nzira maze nawe akatubwira ati ndi i buryo bwawe” (Ellen G. White, Prayer, p.7)

Imirwi yose y'amasengesho ifise uburyo butandukanye bwo gusengera hamwe. Turabatera intege ngo mumare iminota 30 gushika kuri 45 ikurikira musenga isengesho ry'urunani, uko Mpwemu Yera ari bubayobore. Aha musu muri bubone uturorero tumwe tumwe tw'amasengesho mwishimikije ivyanditswe; murashobora kandi gusenga mwishimikije ibindi bisomwa. Murabe indongozi y'umurongozi kugira ngo mubone ibindi vyiyumviro vy'amasengesho.

Senga ukoresheje ijambo ry'Imana- Yeremiya 24:7

“Kandi nzobaha umutima wo kumenya yuko nd'Uhoraho: bazoba abantu banje nanje nzoba Imana yabo kuko bazongarukanako umutima wabo wose.”

“Nzoba Imana yabo”

Mana, urakoze kuba waraje ukadusanga mu gihe twari twakoze ibituma imigenderanire yacu nawe ihagarara. Urakoze kuko udukunda urukundo rudashira kandi ukama

utwikwegerako kandi ukama iruhande yacu imyanya yose buri musi. Urakoze Mana yacu kubw'urukundo rwace rukirondera abanyavyaha! Amen

“N’umutima wabo wose”

Yesu mwiza, turagushimira kubw’isezerano ry’umutima ugizwe muzima, umutima urondera Imana kandi uyirindira mu gihe c’ivyago no mu gihe co kuroranirwa. Turagusavye ngo ushitse isezerano ryawe ryo kuduha umutima musha n’urukundo rushasha rwo kugukunda. Amen.

“Bazoba abantu banje”

Mana, biratangaje kubona utwemanga ko turi abawe inyuma yo kuguhemukira. Urakoze ko wadutwikirije ubuzima butunganye bwa Yesu Kristo kandi ukaba waduhaye izina rishasha. Amen (Ivyahishure 2 :17)

### **Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga**

**Amashimwe no guhimbaza:** Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

**Kwatura:** Fata iminota mikeye kugira ngo muburyo bwibanga waturire Imana kandi uyushimire ikigongwe cayo.

**Gusaba inama:** Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ubukene bw’ishengero mu karere no ku rwego rw’isi

**Ubukene bw’aho mubaye:** Sengera ubukene abizera b’ishengero ryawe ry’intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n’ubw’ababanyi bawe.

**Umwiriza hanyuma wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

### **Indirimbo ziyumviriwe**

Gihe ciza co gusenga 89; Ubu nje uko ndi 26; Yesu n’umukunzi wacu 100; Yes’aguhamagara n’ineza 101; Nkuyoboke Mwami 37; Yesu ndagakunze 62

***Kugaruka ku gicaniro- Ikibanza c’urwibutso***

## Umusi wa Kabiri: Igenekerezo rya 12 Nzero 2023

### KWITANGA HAMWE NO KWIBUKA

“Aca ahubaka igicaniro, yubakiye Uhoraho yamwiyeretse” (Itanguriro 12:7)

#### **Kwitanga hamwe no kwibuka**

Muri Bibiliya, ibicaniro vyagereranya imisi yose ibibanza vyo kwiyegurira Imana no kuyibukiramwo. Ni ikimenyetso kiboneka c’imigenderanire yacu n’Imana umwe wese ku giti ciwe, c’uko tuyishima kandi ko dusenga Imana nzima kandi y’ukuri. Ibicaniro vyubakwa kenshi kugira ngo bame bibuka ingene bagiye bahura n’Imana bikagira ubwaku bwimbitse ku buzima bw’umuntu. Mu gihe Imana yakora ikintu kidasanzwe, kirengeye ugutahura kw’umuntu, abo bakorewe ico gikorwa gihambaye ntibipfuza ko bozocibagira, gutyo rero baca bubaka igicaniro, ikibanza kizotuma bama bibuka, ahantu baboneye Imana ikora ibikomeye.

Igihe Imana yabwira Aburahamu mw’Itanguriro 12: 7 ko izoha igihugu c’i Kanani uruvyaro rwiwe, Aburahamu yaciye ahubaka igicaniro kuko uguhura n’Imana kwiwe cari ikintu kidasanzwe. Muri uwo mwanya Imana yasezeranye guhindura ivyari bisanzwe bimenyerewe mu buzima busanzwe bwa Aburahamu maze igahindura imbuto yiwe ihanga rinini kandi rikomeye. Mu gihe Isaka yayerera mu bugaragwa bw’i Gerari agwana n’abantu bapfa amariba y’amazi, Imana yaramwiyeretse maze iramubwira iti: “Ndi Imana ya so Aburahamu; ntutinye, kuko ndi kumwe nawe. Nzoguhezagira kandi nzogwiza uruvyaro rwawe” (Itanguriro 26:24). Isaka yahimbaje ukwo guhura n’Imana mu kwubaka igicaniro aho hantu nyene kuko uguhura n’Imana kwiwe kwari igisigabwenge. Imana yarenganye urutonde rusanze rw’ubuzima bwa Isaka kugira ngo yemeze ko isezerano ryahawe se wa Isaka noneho ryari n’irya Isaka nawe nyene. Umuhungu wa Isaka, Yakobo, yagiye ahantu hitwa Beteli (Itanguriro 35:3) ahubaka igicaniro, kubw’icubahiro c’Imana, yamwiyeretse mu gihe yariko arahunga Esawu.

Kubera ko ukwo guhura n’Imana kwari kudasanzwe, Yakobo yahubatse igicaniro. Gidiyoni nawe yari umuntu w’ubwoba yatunguwe n’Imana igihe Imana yamwiyereka mu mahoro ikamuhamagarira kuyoborera igihugu ku ntsinzi. Gidiyoni vyaramukoze ku

mutima cane ku buryo yaciye ahubaka igicaniro acita ngo: “Uhoraho niwe Mahoro’Yehova-Shalom” (Abacamanza 6:24) kuberako uguhura n’Imana kwiwe yari amahoro arengeye uko umuntu yoyatahura!

### **Ntiwigere wibagira**

Mu gihe benshi babona ibikorwa bitangaje vy’Imana mu buzima bwabo nk’aho ari ibintu vyashitse gutyo gusa canke igihamana, abandi nabo baremera ko ari igikorwa c’Imana kandi bagakora ibishoboka vyose ngo ntibaze bigere bibagira ivyo yakoze. Kandi hariho akunguko kadasanzwe ku twigoro twabo: Ingenzi zo muri kazoza zizofata urugendo rw’ubuzima bazohezagirwa n’ibicaniro vyubatswe n’abizera. Ellen White avuga ati: “Aburhamu yaduhaye akarorero k’iteka. Ubuzima bwiwe bwari isengesho. Aho hose yubaka ihema, hafi yaho yaca ahubaka igicaniro, agahamagarira abo mu rugo biwe bose kukimazi co mu gitondo n’ico ku mugoroba. Iyo yimura ihema ryiwe igicaniro carasigara. Abanyakanani b’ingenzi baronka inyigisho za Aburhamu, kandi aho umwe wese yaba avuye akaramuka aje kuri ico gicaniro, yarasenga Imana nzima” (From Eternity Past, p. 76).

N’uwahe muhezagiro w’ijuru mwipfuzwa kuzokwama mwibuka muri kazoza? Kandi n’icahe gicaniro c’Uhoraho muhava mwubaka uyu musu?

### **Tuvugane n’Imana yacu.**

Umwanya wo gusenga (iminota 30-45)

Senga wishimikije ijamba ry’Imana- Itanguriro 12: 7

“Maze aca ahubaka igicaniro, yubakiye Uhoraho yamwiyeretse.”

“Yubaka igicaniro”

Mana, muri uyu musu ndagomba kwibuka ivyo wakoze mu buzima bwanje, ingene wantabaye igihe nari mu nzira mbi, ingene wankijije. Ndagomba kwibuka no kuguhimbaza kubw’ubuntu bwuzuye urukundo ungirira. Ndibuka ubwiza bwawe kandi kubw’ivyo nzokwegurira ubuzima bwanje. Amen

“K’Uhoraho”

Mwami Mana, wewe kandi wewe wenyene ubereye amashimwe yacu, ubereye gusengwa no kukwihebera. Ntayindi mana imeze nkawe: y'urukundo, y'ubuntu, yihangana, inyakigongwe, inyenkomezi, ishaka gukiza no kudufasha. Amaso yacu tuyahanze wewe, Mwami. Imitima turayiguhaye. Ugusenga kwacu n'amashimwe yacu ni wewe tuyerekezako kuko ni wewe ubibereye! Amen.

“Yamwiyeretse”

Data, ukubaho kwawe kuradutwikiriye imisi yose, ego, kuradutwikiriye gusumba uko tuyiyumvira. Warihishuye haba binyuze muri Bibiliya, Mpwemu w'ubuhanuzi, insiguro, isengesho canke uwundi muntu, kandi turagushimira kuba warihishuye. Turahimbawe n'ukuri kw'uko ubera hose icarimwe binyuze muri Mpwemu wawe Yera, kandi turagutumiye ngo ube mu mibiri yacu nko mu bikombe bizima. Niwiheshe icubahiro binyuze muri twebwe. Utwereke ingene dukunda abantu batuzengurutse kandi ubayoborere ku kuri kwawe. Amen.

### **Uturorero twinshi tw'amasengesho mwokwisunga**

**Amashimwe no guhimbaza:** Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

**Kwatura:** Fata iminota mikeye kugira ngo mu buryo bw'ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

**Gusaba inama:** Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n'ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur'iki gihe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ubukene bw'ishengero mu karere no ku rwego rw'isi

**Ubukene bw'aho mubaye:** Sengera ubukene abizera b'ishengero ryawe ry'intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n'ubw'ababanyi bawe.

**Umwiriza hanyuma wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

### **Indirimbo ziyumviriwe**

Nzorimb'urukundo 121; Dushim'Imana 27; Ngwino Soko y'Umugisha 52;

*Kugaruka ku gicaniro- Urukurikirane rw'ubuzima*

## **Umusi wa Gatatu: Igenekerezo rya 13 Nzero 2023**

### **MU GATONDO NO KU MUGORоба**

“Muhagarare mu gatondo mukengurukire Uhoraho, mumutazire no ku mugoroba n’uko.”  
(1Ngoma 23 :30)

#### **Ubuzima kumwe n’Imana**

Usumye 1 Ngoma 23 herekana ko Imana itegeka Abalewi- abari bajejwe kubungabunga urusengero rwa kera rw’abayuda n’ibikorwa vyarwo- ko bohagarara imbere yayo, bakaduza amajwi yabo bayishima buri gitondo n’umugoroba. Uwo mwimenyerezo wo gusenga ufise intango mu rindi tegeko Imana yahaye Mose igihe yasaba ab’isirayeli ngo: “banyubakire ihema kugira ngo ngerere hagati muri bo” (Kuvayo 25: 8). Imana yarongeye kandi itegeka iti: “Umwagazi umwe uz’uwutangwe mu gitondo uwundi ku mugoroba.”

#### **Ubuzima hagati ya bibiri**

Ubuzima bw’abisirayeli vyitwa ko bari babubayemwo buri musi hagati y’imibereho y’ivy mpwemu y’uburyo bubiri buhambaye. Ubwoko bw’Imana bwategerezwa gutangura umusi bukongera bukawurangiza buri kumwe nayo. Ntibategerezwa gufata Ubuntu bwayo bukiza nk’ikintu birondereye. Bari bakeneye ubushobozi bw’Imana kugira ngo bubakingire ibitero vyo hanze mu gihe bajabuka ubugaragwa buteye ubwoba baja mu gihugu c’isezerano. Bategerezwa gukingirwa ibigeragezo vyo hanze- ukwipfuzwa kwigana imigenzo y’abanyegiputa, gusenga imana z’abanyegiputa, n’inyifato bigiye mu buja.

Ibimazi vyo mu gatondo no ku mugoroba bwari uburyo bwo gushiraho akarorero ko gusenga Abisirayeli bategerezwa kwisunga umuntu ku giti ciwe hamwe no mu miryango, uburyo bwo kubagumiza mu migenderanire myiza n’Imana. Ehe ingene Ellen White avuga iyo mibereho yejewe, y’iteka ya buri musi: “Nk’uko abaherezi binjira mu gatondo no ku mugoroba ahera mu gihe co co gucana imibavu, ikimazi co ku mugoroba caba citeguwe gutangwa kugicaniro mu kigo. Cari igihe gihambaye cane ku bizera baba bakoraniye kw’ihema. Imbere yo kwinjira aho Imana iri binyuze mu gikorwa c’umuherezi, bategerezwa kugira igenzura rikomeye ry’imitima yabo hamwe no kwatura ivyaha vyabo.



Barifatanya mw'isengesho ry'agacerere, mu maso habo bahatumbereje ahera. Maze ibisabo vyabo bikadugana n'umwotsi w'imibavu, mu gihe ukwizera kwabo kwagumbira isezerano ry'umucunguzi azoza agereranywa n'ibimazi vy'ivyaha. Amasaha yagenewe ikimazi co mu gatondo no ku mugoroba yafatwa nk'amasaha meranda kandi bahavuye bayafata nk'amasaha yashinzwe yo gusenga mw'ihanga ryose ry'abayuda. Kandi inyuma y'igihe aho Abayuda bashwiragizwa bakajanwa ari inyagano mu bihugu vya kure, kuri ya saha nyene bama bahindukira bakaraba i Yerusalemu maze bagashikiriza imitwari yabo Imana ya Isirayeli. Muri ako kamenyero, Abakristo niho bakuye akarorero ko gusenga mu gatondo no ku mugoroba.

Mu gihe Imana yiyamiriza urukurikirane rw'ibirori bisanzwe, bidatumbereye gusenga, irabana umunezero abayikunda, bicisha bugufi mu gatondo no ku mugoroba ngo basabe imbabazi ku vyaha vyabo bakoze bongere basabe imihezagiro bakeneye (Abakurambere n'Abahanuzi, pp 353, 354 mu Congereza). Namba ubuzima bwanyu bwo kwihererana n'Imana bwaratakaje umuvuduko bwariko, saba Imana ubu nyene ivugurure umuhamagararo wanyu wo gusenga mu gatondo no ku mugoroba uyu musu.

### **Tuvugane n'Imana yacu.**

Umwanya wo gusenga (iminota 30-45)

Gusenga twisunze ijamba ry'Imana- 1Ngoma 23:30

“Muhagarare mu gatondo mukengurukire Uhoraho, mumutazire no ku mugoroba n'uko.”

“Buri gitondo”

Yesu, turagomba gutangurana imirango yacu yose nawe. Turakwinginze, dukangure kugira ngo dushobore kwungukira mu kuyaga nawe uri muri twe. Dufashe kubigira akamenyero ka buri musu kandi ntitubigire hutihuti canke ngo tuvuyigize kure. Dufashe tugushire vy'ukuri mu kibanza ca mbere muvuyiyumviro vyacu buri musu. Amen.

“Shima kandi uhimbaze Imana”

Data, twihutiye kukwereka ibisabo vyacu bitandukanye, amaganya, ivyifuzo, tukibagira kenshi ko uri Imana yiyumvira utari imashini yakorewe gutanga mu buryo bwikora.

Twibutse imero zose z'imico yawe, ibintu bito bito ndetse n'ibintu binini wakoze, ivyo udukorera kugira ngo dushobore kubigushimira no kuguhimbaza. Mur'uyu mwanya zana mu vyiyumviro vyacu impamvu zo kuguhimbaza. Amen.

“No kumugoroba”

Mana, nitugomba gusa gutangurana umwanya nawe ariko kandi kuwurangizanya nawe. Mu gihe twiyumvira ku masaha waduhaye, twibutse ibihe vyinshi aho twabonye ubwizigirwa bwawe mu murango wose.

Dusinziranye amashimwe mu kanwa kacu kuko uri Umukiza wacu ahoraho. Amen.

### **Uturorero twinshi tw'amasengesho mwokwisunga**

**Amashimwe no guhimbaza:** Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

**Kwatura:** Fata iminota mikeyi kugira ngo mu buryo bw'ibanga waturire Imana kandi uyushimire ikigongwe cayo.

**Gusaba inama:** Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n'ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur'iki gihe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ubukene bw'ishengero mu karere no ku rwego rw'isi

**Ubukene bw'aho mubaye:** Sengera ubukene abizera b'ishengero ryawe ry'intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n'ubw'ababanyi bawe.

**Umwiriza hanyuma wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

### **Indirimbo ziyumviriwe**

Yesu nd'uwawe nyakira 25; Nyiyegereza Mwami wanje 122; Dukoze gatandatu 95;

***Kugaruka ku gicaniro- Nimwongere mu cubake kandi izokwongera igaruke!***

## Umusi wa Kane: Igenekerezo rya 14 Nzero 2023

### IKIGARUKANA IMANA

“Nuk’abantu bose baramwegera. Asanura igicaniro c’Uhoraho cari carahomvotse.” 1

Abami 18 :30

#### Igihe imvura yareka kugwa

Ikirere c’uwo musi w’agahinyuza cari kiremerewe, n’ubwo agacerere kadasanzwe kari gatwikiriye umusozi Karumeri. Kera uwo musozi wari wahoze wuzuye ibiti vyiza vyiza, bitotahaye kandi biryoheye ijisho. Wari wararonse imvura nyinshi kandi wafatwa nk’ikibanza ceranda, ikibanza c’umugisha kandi c’uburumbuke (Ellen G. White, Abahanuzi n’Abami, p.144 mu Congereza). Ariko ivyo vyose vyari vyarahindutse. Ivyahoze bitotahaye kera noneho vyarahiye ntababi bikigira kubera izuba ribabura ryamaze imyaka itatu n’igice (1 Abami17 :1; 18 :1; Yakobo 5 :17). Ehe ingene Ellen White avuga Isirayeli y’ico gihe:

Isi yari yumye nk’iyaturiwe n’umuriro. Ubushuhe bubabura bw’izuba kwasambuye utwatsi duke twari dusigaye. Inzuzi zarakamye, amasho y’inka aranaga, intama zirahebeba ziyerera irya n’ino mu vyago vyinshi. Imirima yahoze ishuritse yahindutse nk’umusenyi uturira wo mu bugaragwa, ubugaragwa butagira ikintu na kimwe.... Ibisagara na bito vyahoze kera bihurumbirwa vyahindutse ibibanza vyo kugandariramwo. Inzara n’inyota biraremvyababantu n’ibikoko n’impfu ziteye ubwoba. Amapfa n’ukuranduka umutima birakurikira, vyaregereza kandi bikongera bikegereza. (Abahanuzi n’Abami, pp. 124, 125)

#### Ubugaragwa bw’imbere

Kumbure ubugaragwa bwari bukomeye gusumba ububoneshwa amaso bwafashe igihugu bwari ubwo mu buryo bw’impwemu kwasize ubwoko bw’Imana bunyotewe mu mitima kandi bufise ubukene mu kwizera. Isirayeli yari iyobowe n’umwami w’umugesera Ahabu hamwe n’umugore wiwe Yezebeli. Umugore wa Ahabu Umunyasidonikazi yari yaragize uruhara mu gucintege ukwubaha Imana kwiwe. Ni muri ubwo buhakanyi buteye ubwoba Imana yahagurukije umuhanuzi Eliya. Kuvyerekeye Eliya, Ellen White yandika ati: “Mu gihe c’Umwami Ahabu hariho umugabo afise ukwizera kandi asenga igikorwa

ciwe c’ubutwari cari ico guhagarika ikwiragizwa rinyarutse ry’ubuhakanyi muri Isirayeli” (Abahanuzi n’Abami, p.119 mu Congereza).

### **Eliya asanura igicaniro**

Inyuma y’uko abahanuzi ba Bayali n’aba Ashela bananiwe no gusaba imana zabo ngo zikorore umuriro, “Mu gihe c’ishikanwa ry’ikimazi co kumugoroba” (1 Abami 18 :36) ni ho Eliya yahamagaye abantu ngo bamwegere maze yongera kwubakira Imana y’ukuri igicaniro cari carahomvotse. Mu buryo bwumvikana neza, Eliya ntakindi yariko arakora uretse kwibutsa abantu gusa ko bogaruka ku gicaniro c’ugusenga kw’ukuri; yahamagariye ihanga ku gicaniro c’ugusenga kwamaho kandi gutunganijwe neza kw’Imana y’ukuri. Igicaniro c’amasengesho Abisirayeli bose bahurirako cari carasambutse, ariko ibicaniro vy’abantu ku giti cabo canke ivy’imiryango y’Abisirayeli vyo hari haheze igihe kinini vyarasambutse.

### **Ikigarukana Imana**

Ni ugusubiza itoto ugusenga kw’ukuri mu bwizigirwa kwatumye Imana yishura ku musozi Karumeli. Igikorwa ca mbere c’ikangura mu vya Mpwemu ku rwego rw’igihugu Eliya yakoze kwabaye kwongera kwubaka igicaniro casambuwe. Namba igicaniro cawe canke ic’umuryango carasambutse ongera mucubake kandi mureke umuriro w’ukwigaragaza kw’Imana utongore abakoranye bose ngo basenge!

### **Tuvugane n’Imana yacu**

Umwanya wo gusenga (iminota 30-45)

Gusenga binyuze mw’ijambo ry’Imana- 1 Abami 18 :30

“Nukw’abantu bose baramwegera. Asanura igicaniro c’Uhoraho cari carahomvotse.”

“Abantu baramwegereye”

Yesu, Mpwemu wawe Yera niwe yatahuje imitima y’Abisirayeli ku musozi Karumeli igihe Eliya yasubira kwubaka igicaniro. Mur’ubwo buryo nyene turagusavye utahuze imitima yacu uyu musu. Twereke ivyaha vyacu, kugira ngo dushobore kuronka ikigongwe n’ubuntu bwo gutsinda muri Kristo. Dukwegere kuri wewe, hishurira ubwiza bw’ukugororoka

kwawe imitima yacu kandi uduhe icipfuzo co kukurondera kuruta uko vyigeze hambere.  
Amen

“Yasanuye igicabiro c’Uhoraho”

Data wacu, turatsindwa kubera ko twirengagiza umwanya wamaho turi kumwe nawe-  
mw’isengesho ryamaho- ryaba iry’umuntu ku giti ciwe canke amasengesho yo mu  
muryango. Duhe umutima mushasha, ivyiyumviro bishasha kandi utuyoborere gusubizaho  
imyanya yamaho yo gusenga no kwihererana nawe. Dufashe tube abantu bafise intumbero  
kandi bashize hamwe. Komeza ukwizera kwacu kugira ngo dushobore kubaho mw’idini  
y’ukuri binyuze mu kwigaragaza kwawe mu buzima bwacu. Amen.

### **Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga**

**Amashimwe no guhimbaza:** Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi  
muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

**Kwatura:** Fata iminota mikeye kugira ngo muburyo bwibanga waturire Imana kandi  
uyushimire ikigongwe cayo.

**Gusaba inama:** Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye  
ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ubukene bw’ishengero mu karere no ku rwego rw’isi

**Ubukene bw’aho mubaye:** Sengera ubukene abizera b’ishengero ryawe ry’intango bafise,  
ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n’ubw’ababanyi bawe.

**Umwiriza hanyuma wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana maze wishure  
ukoresheje amashimwe canke indirimbo

### **Indirimbo ziyumviriwe**

Ngwino soko 52; Tujanye na Yesu 40; Mukiza ngukurikire 11

*Kugaruka ku gicaniro- Nzokurondera hakiri kare*

## **Umusi wa Gatano : Igenekerezo rya 15 Nzero 2023**

### **YESU YAVYUKA KARE**

“Ariko igihe kiza, kandi kirashitse niho abasenga b’ukuri bazosengera Data mu Mpwemu no mu kuri kuko Data arondera abamusenga bameze batyo” (Yohana 4 :23).

#### **Ukuri kw’igicaniro**

Hariho “ukuri kw’igicaniro” mu buzima bwa Yesu ata mwizera n’umwe yategerezwa kukuyoberwa. Mu misi iheze twariyumviriye cane ku bicaniro vyo mu vyanditswe no kubuzima bw’abavyubatse. Igicaniro n’ikigereranyo c’ahantu, c’umwanya wo gusenga Imana nzima kandi y’ukuri. Ntibikenewe ko turinda kwubaka igicaniro kiboneka kugira ngo dusenge Imana. Mu bisanzwe mu gihe umwigishwa wa Yesu abayeho mu mushikirano n’Imana wamaho, mu bwizigirwa kandi uvomerewe na Bibiliya, aba yamaze kwubaka igicaniro kigaragara nka kimwe Eliya yubaka ku musozi Karumeli (1 Abami 18).

Turabona “igicaniro” nk’ico mu buzima bwa Yesu. Mu buzima bwuzuye igikorwa buri musu, iterabwoba ryamaho hamwe n’ibitero bica intege vya Satani, Yesu yafashe umwanya munini wo gusenga no guhimbaza Imana. Uwari aringaniye na Data (Ab’I Filipi 2:6) yiyumvira imisi yose ko ari ibihambaye “kuja ahantu agatuza kandi akamenya” ko Imana ari Imana (Zaburi 46: 10).

Yesu yaratahuye kuva akiri muto ko umuhamagaro wiwe wasaba ukwifatanya na se kwamaho. Ni bwo buryo bwonyene bwo kwikorera ivyaha vy’isi ku musaraba.

#### **Abazindura barondera bakenewe**

Muri Mariko 1:35, Yesu yaravyutse “mw’ijoro rishira ubuca” maze aja ahantu hatuje kandi hiherereye kugira ngo yumvirize kandi avugane na Se. Umusi war’urenganye wari waranzwe n’igikorwa cuzuye, gukiza abarwayi, gusenda abadayimoni, no kugarura abazimiye. Igihe abigishwa bikangura, babonyeko Yesu yagiye maze baja kumurondera.

“Igihe bamubona bamubwiye bati: ‘Abantu bose bariko barakurondera’” (Mariko 1:37). Inyishu ya Yesu n’inkebuzo ihambaye yibutsa umugisha urindiriye abo bose bitaho igicaniro cabo co mu gatondo no ku mugoroba.

Arabishura ati: “Tuje ahandi mu bisagara biri hafi, naho nyene nigisheyo, kukw’ari co canzanye (Mariko 1:38). Mbega ivyo vyaragushikiye? Yesu yariko aragwanirwamwo no guhitamwo hagati y’ibintu bibiri bihambaye. Kuguma aho hantu yari ari- mu nzu kwa Petero- akabandanya ngaho igikorwa cari n’umwimbu mwinshi. Canke kuva aho hantu kugira ngo aje mu turere dushasha aho igikorwa kitarashika. N’abakristo bake uyu musi bokwemera guheba ahantu babona ngo biriko bigenda neza ngo baje ahantu batazi uko bizogenda. Yamara, Yesu yakoze ivyo nyene ata gukekeranya. Ni gute yafashe ingingo nziza? Imana Data yari yahishuriye Yesu integuro zayo kuri uwo musi mu gihe yariko arasenga yiherereye. Se yari yemeje icyumviro ca Yesu igihe yasenga maze akarindira imbere y’Imana.

Ncuti zanje, iyo tutarondeye Imana hakiri kare mu masengesho no guhimbaza, turahusha imigambi y’Imana twari kurangura ku murango kandi ntabwo ishira icemezo cayo ku ntumbero zacu.

Uyu musi, dusengere isezerano ryo kuvyuka kare tukamarana umwanya n’Imana kugira ngo ishobore kudutegurira gukora ubugombe bwayo mu musi wacu no mu buzima bwacu.

### **Tuvugane n’Imana.**

Umwanya wo gusenga (iminota 30-45)

Gusenga wishimikije ijamba ry’Imana- Yohana 4: 23

“Ariko igihe kiza, kandi kirashitse niho abasenga b’ukuri bazosengera Data mu Mpwemu no mu kuri kuko Data arondera abamusenga bameze batyo”

“Abasenga b’ukuri”

Data, twigishe mu bikorwa vyacu vya misi yose, mu bintu bihambaye no muvyoroheje vyo mu buzima bwacu, ingene twogusenga. Udufashe ntitugabagure ukwizera kwacu, ntidusubire kwiyumvira ko ugusenga ari igikorwa co kw’isabato gusa, ariko tubibone

vy'ukuri nk'uburyo bwo kubaho bunezereye gusumba ubundi. Udufashe kugira ngo ibihe vyose twame twomatanye nawe kandi tubeho nk'abasenga b'ukuri basenga Imana imwe y'ukuri. Amen.

“Gusenga Data mu Mpwemu no mu kuri”

Urakoze, Mana yanje, kuko dushobora kugusenga aho twoba turi hose kandi igihe twobigomba cose. Uratwumva twaba turi i muhira, ku kazi, ku rusengero canke mu rugendo. Turagushimira kuko abana bawe bakuronka amasaha 24 ku 24, imisi 7 ku 7. Mana, tuyobore mu kuri kwose kubwa Mpwemu Yera kugira ngo ugusenga kwacu, ubuzima bwacu bihuze n'ukuri kwose. Urakoze, Mana, kuba waratuyoboye mu buzima bwo gusenga kw'ukuri. Amen.

“Data ararondera umwe”

Data ugira neza, urukundo rwawe udufitiye rurenze uko tworutahura. Ushaka ko tuba hafi yawe. Uraturonderana umwete kandi ugomba kutubera vyose. Duharire igihe cose twakwirengagije maze tukaba tutamaranye umwanya munini nawe ku musu ku musu. Turaziko utadutwaza amanyama. Urakoze kuko twizigira ko iyo tugutumiye ngo uze ubane natwe, uzoba hagati muri twe. Amen.

### **Uturorero twinshi tw'amasengesho mwokwisunga**

**Amashimwe no guhimbaza:** Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

**Kwatura:** Fata iminota mikeyi kugira ngo mu buryo bw'ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

**Gusaba inama:** Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n'ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur'iki gihe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ubukene bw'ishengero mu karere no ku rwego rw'isi.

**Ubukene bw'aho mubaye:** Sengera ubukene abizera b'ishengero ryawe ry'intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n'ubw'ababanyi bawe.

**Umwiriza hanyuma wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo.

### **Indirimbo ziyumviriwe**

Mp'amakuru 107; Mu gitondo ndaririmba 82; Iy'urushe iy'uremerewe 64; Ashobora gukiza 105

*Kugaruka ku gicaniro- Guheza umurango uri kumwe n'Imana*



## **Umusi wa Gatandatu : Igenekerezo rya 16 Nzero 2023**

### **UMUHIZI MU GUSENGA IJORO RYOSE.**

“Muri icyo misi avayoye, aja ku musozo gusenga, akesha ijoro asenga Imana.” (Luka 6 :12)

#### **Akarorero kuri twebywe**

Yesu yamenyekaneye nk’umuntu yamara amajoro menshi asenga, nk’uko yabikoze ijoro ryabanjirije ugutoranya umurwi w’intumwa 12 umusi umwe bazoshikana ubutumwa kw’isi yose (Luka 6 :12, 13). Mwoshobora namwe kugira ishaka ryo kuguma muri maso ijoro ryose mu gihe mwoba mufise isi mushaka gukiza mufashijwe n’abanyavyaha 12 atan’ubumenyi bafise. Inshingano zari ziremereye cane. Ehe ingene Ellen White avugaga Yesu; Umusoda w’isengesho ijoro ryose:

Umwami w’amajuru, n’ubwo yari yitangiye igikorwa ciwe ca hano kw’isi, yarasanze cane Se wiwe. Yari amenyereye kumara ijoro ryose mw’isengesho. Umutima wiwe kenshi waba ubabaye kuko yumva ageramiwe n’ubushobozi bw’umwiza bw’iyi si, maze akava mu gisagara gihindagurika n’abantu bavuze urwamo, kugira ngo arondere ahantu hitaruye kugira ngo asengere abantu. Umusozo wa Elayono niho hari ikibanza gitujye umwana w’Imana yashima kuvuganiramwo n’Imana.

Kenshi icyo abantu baba bamaze gutandukana nawe ngo baruhuke mw’ijoro, wewe ntiyaruhuka, nubwo yaba aruhijwe n’ibikorwa vy’umusi... Mu gihe igisagara caba cuzuye agacerere, kandi abigishwa biwe bakaba basubiye iwabo kugira ngo baruhuke mu gatiro, Yesu ntiyasinzira. Ukwinginga kwiwe kwera kwaraduga kwa se kuvuye ku musozo Elayono kugira ngo abigishwa biwe bakingirwe ubwaku bubi boza barahura nabwo buri musu muri icyi si, kandi kugira ngo umutima wiwe nawo ukomezwe kandi ube witeguriye inshingano hamwe n’ibigeragezo vy’umusi ukurikira. Ijoro ryose, mu gihe abigishwa biwe baba basinziriye, umwigisha wabo yera yaba ariko arasenga... Akarorero kiwe yagasigiyeye abigishwa biwe. (Homeward Bound, p.169)

#### **Gutahura ibintu**

Mu gihe Abakristo batangura umusi wabo bari kumwe n’Imana, mu buryo butuzuye kubera ubwoba bw’ibibarindiriye mu gihe bazoba bavuye mu nzu zabo, benshi

ni gake baheza umusi bari kumwe n’Imana. Bamaze kuronka ivyo bari bakeneye kugira ngo barangize umurango, birabagora guhagarara ngo bashimire Imana kuvyoyabaronkeje no kuburinzi bwayo ku buzima bwabo. Barushe cane batabagaye, barasinzira mu bitanda vyabo batiyumviriye kurondera Imana ngo ibaronse ubushobozi bwo guhangana n’ibigeragezo vy’ejo. No kuyishimira bayishimira gake cane.

Yesu yaratahura ukuri kw’ivy’impwemu n’ingorane zikomeye zaba zimurindiriye buri musu. Yarafise ugutahura guhanitse kw’akaga k’ivy’impwemu kari kageramiye abigishwa biwe, n’igihe batari babifiseko icyumviro na kimwe (Luka 22: 32). Uyu musu, ndetse buri musu ntitwigere twiyima amahirwe yo kurangiza umusi wacu imitima itumberejwe ku Mana binyuze mw’isengesho no gutazira. Dusengeranire dushimitse kugira ngo Imana iturinde mu gihe twegereza ukugaruka kwa Yesu.

### **Tuvugane n’Imana.**

Umwanya wo gusenga (iminota 30-45)

Gusenga twisunze ijamba ry’Imana- Luka 6:12

“Mur’iyo misi avayo, aja kumusozi: akesha ijoro ryose asenga Imana.”

“Yagiye ku musozi gusenga”

Yesu, turashima akarorero waduhaye. Ubuzima bwawe n’icitegererezo dukurikiza, kandi turasenga ngo ubeho ubuzima bwawe muri twe. Mana, turatahura ko dukeneye umwanya wihariye wo kubana nawe. Dufashe uyu musu gushiraho imyanya idasanzwe y’agacerere kugira ngo dusenge. Twereke « umusozi » utwegereye – ahantu dushobora kuganirira nawe kandi tukiga kwumviriza ijwi ryawe mu buryo bwumvikana neza. Amen.

“Kandi yabandanije ijoro ryose”

Mana, benshi muri twebwe ntibarigera bamara ijoro ryose bariko barasenga. Bamwe muri twebwe birabagora no kumara amasegonda 30 bariko barasenga. Kandi nubwo uburebure bw’isengesho ataribwo bwerekana ko utwumva, turabona ko kumarana umwanya munini na wewe bizana imigisha myinshi kuri twebwe. Ni mukubana nawe turonka inkomezi, tugafashwa, tukayoborwa, tugatahuzwa, tugatumberezwa kandi tugahezagirwa.

Mana turakwinginze, twigishe gusenga kandi uwo mwanya mweranda tumara turi kumwe tuwugire nyambere haba umuntu ku giti ciwe canke ishengerero muri rusangi nk’umubiri umwe. Dushoboze gushika ku rugero rw’uko umwanya tumara mw’isengesho ube muremure gusumba uwo tumara mu ma terefone yacu, imbere ya televiziyo zacu, canke tugashira ubwenge ku bindi bidusamaza. Dufashe kuba abasoda mw’isengesho. Amen.

“Mw’isengesho dushikiriza Imana”

Mana yacu y’urukundo, mw’isoni nyinshi dutegerezwa kwemanga ko kenshi imbere y’ingorane ntitubanza guhindukirira iwawe ariko duhindukirira ayandi masoko atava kuri wewe. Kenshi na kenshi, ntitunabona ko twahinduye ibintu vyinshi canke imibereho mu bigirwamana. Turakwinginze duharire. Twereke aho twarondeye ibintu vyo mw’isi aho kukurondera. Uri Imana ishobora vyose kandi ushobora vyose mw’ijuru no kw’isi. Nta kindi twipfuzza atari kukurondera. Ni wewe wenyene dusenze. Amen.

### **Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga**

**Amashimwe no guhimbaza:** Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

**Kwatura:** Fata iminota mikeyi kugira ngo mu buryo bw’ibanga waturire Imana kandi uyushimire ikigongwe cayo.

**Gusaba inama:** Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

**Ishengerero ryacu:** Sengera ubukene bw’ishengerero mu karere no ku rwego rw’isi

**Ubukene bw’aho mubaye:** Sengera ubukene abizera b’ishengerero ryawe ry’intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n’ubw’ababanyi bawe.

**Umwiriza hanyuma wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

### **Indirimbo ziyumviriwe**

Gumana nanje 29; Nkund’ubucuti 35; Ubu n’amahoro 34

*Kugaruka ku gicaniro- Ico dukeneye cihutirwa*

## **Umusi w'Indwi: Igenekerezo rya 17 Nzero 2023**

### **ISHENGERO RISENGA**

“Ni muze tumusenge twunamye, dupfukamire Uhoraho umuremyi wacu.” (Zaburi 95: 6)

#### **Ugusenga kutamaho**

Ubushakashatsi bwakozwe ku rwego rw'isi mu 2018, mu b'Adventiste b'Umusi w'Indwi bwerekanye ko ibice 34% vy'ingo z'Abadventiste aribo bagira amasengesho yamaha mu gatondo no ku mugoroba, kandi ko ibice 52% gusa vy'abizera b'Ishengero ry'Abadventiste bihererana n'Imana ku giti cabo bwite. Ishengero rifise ubutumwa bw'igihe c'iherezo bwubakiye ku gusenga- ubutumwa bw'abamarayika batatu bwo mu Vyahishuwe 14 :6-12- rishobora gutanga ubwo butumwa buhambaye mu gihe abizera baryo batitanze mu bwizigirwa mw'isengesho ry'umuntu ku giti ciwe canke mu muryango? Mu yandi majambo, twoshobora gutangaza nk'uko bisabwa ivyo benshi muri twebwe badakora ku musi ku musi?

Ellen White abivugako ati: “Ntakintu gikenewe cane mu gikorwa c'Imana nk'umwimbu uboneka wo gushikirana n'Imana” (Testimonies for the Church, Vol. 6, p.47).

Ahandi naho yanditse ati: “Nk'uvyoyari ku bakurambere ba kera, abavugako bakunda Imana bategerezwa kwubakira Imana igicaniro aho hose bashinze ihema ryabo.... Abagabo n'abagore bategerezwa kenshi kuduza imitima yabo bayitumbereza ku Mana binyuze mu kwinginga guciye bugufi bisabira hamwe n'abana babo. Abagabo nk'abaherezi b'umuryango, bashira ku gicaniro c'Imana ikimazi co mu gatondo no ku mugoroba, mu gihe umugore hamwe n'abana bifatanyaga mw'isengesho hamwe n'amashimwe. Mu nzu nk'iyo Yesu azokwishimira kuhaguma” (Child Guidance, pp. 518, 519).

#### **Ubukene bwacu bwihutirwa cane**

Gusubiza itoto ugusenga kw'umuntu ku giti ciwe no mu muryango mu Badventiste b'Umusi w'Indwi kumbure ni co kintu gikenewe cane gusumba ibindi muri kino gihe. Ariko ntibizokworoha. Uyu musi, duhanganye n'intambamyi nyinshi cane

z'ubuhinga burushirizaho gutwara umwanya maze bikonona ivyiyumviro vyacu. Kuba abaja b'uburyo bwo guhanahana amakuru na cane cane imbuga ngurukana bumenyi, vyadusigaranye agahinda, ishavu, ukwigunga, uguta umutwe, kubura itiro, kutanezerezwa n'ico turico mu buzima.

Mu buryo bubabaje, amasengesho y'umuntu ku giti ciwe n'ay'umuryango bigira ingaruka zihushanye n'izo. Ugusenga gutuma ivyiyumviro vyacu bitekana, bigabanura ukwigunga no guta umutwe, vyongereza amahoro, bigatanga inyishu ku bukene bwacu mu bigumbagumba kandi bikatwigisha kunezerwa. Mbega igicaniro coshobora kuba umuti ku vyiyumviro vyacu birushe no ku mitima yacu ihungabanye?

Uyu mwanya Imana iduhamagarira ku mutima wayo, ngo tube mu bihe vyo guhazwa n'ukubana nayo kuruta uko vyigeze. Ni kubw'iyi mpamvu Ishengero ry'Abadventiste b'Umusi w'Indwi ryatangujye umugambi "Garuka ku Gicaniro", akigoro kadasanzwe kugira ngo hongere kwubakwa ibicaniro vy'abantu ku giti cabo no mu miryango vyari vyarasambutse mu rusengero rw'Imana. Uhereye ubu ukageza mu 2027, twiteze kubona nibura ibice 70% vy'abizera b'Abadventiste b'Umusi w'Indwi bazoba barafashe ingingo yo gusenga mugatondo no kumugoroba mumasengesho y'umuryango n'umuntu ku giti ciwe.

Muzomenya vyinshi vyerekeye uyu mugambi mu misi izoza, ariko twese turashobora gutangura uhereye uyu mwanya gusenga Imana mu bwizigirwa kandi mu buryo bushimitse. Iyo tugarutse ku gicaniro hamwe n'Imana, tuzohindurwa duse nayo kandi tuzogira ubushobozi bwo guheraheza igikorwa cayo!

Uyu musu dusabe Imana idusukeko Mpwemu wayo w'indengakamere mu gihe tubana nayo mu masengesho. Uyu mwanya turakeneye imihezagiro idasanzwe yo gusabana n'Imana kuruta uko vyigeze.

**Tuvugane n'Imana yacu.**

Umwanya wo gusenga (Iminota 30-45)

Gusenga twisunze ijambo ry'Imana- Zaburi 95:6

“Ni muze tumusenge twunamye; Dupfukamire Uhoraho Umuremyi wacu”.

Ni muze tumusenge twunamye”

Mana, ni kangahe tutatahuye ingene Uhambaye kandi utangaje birengeye ugutahura kw’umuntu. Ubwaguke bw’amajuru n’isi ntibwogukwira, yamara kenshi ivyo ntibituma tukwubwaha canke ngo tugusenge ngo tuguhe icubahiro. Twereke icubahiro cawe kandi udufashe gutahura k’uruhe rugero ubereye guhabwa icubahiro, guhimbazwa no gusengwa. Twibutse kukwegera mw’iteka n’icubahiro, tukwemanga nk’Imana yacu ihambaye. Amen

“Mupfukame imbere y’Uhoraho Umuremyi wacu”

Mana Muremyi wacu, uri umuhinga w’ubugenegene uruta bose. Ibintu vyose wakoze ni vyiza kandi biratunganye. Urukundo rwawe rwanditse kuri buri kababi n’agashami kose gashamitse. Uri kandi Data wacu w’ukuri, uwaturemye, adushaka kandi waturemye mwishusho yawe. Ni gute dushobora gutahura iteka twatwe ryo kuba twitwa abana bawe? Turagusenga kandi turaguhimbaza, Muremyi wacu! Amen.

### **Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga**

**Amashimwe no guhimbaza:** Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

**Kwatura:** Fata iminota mikeyi kugira ngo mu buryo bw’ibanga waturire Imana kandi uyushimire ikigongwe cayo.

**Gusaba inama:** Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ubukene bw’ishengero mu karere no ku rwego rw’isi

**Ubukene bw’aho mubaye:** Sengera ubukene abizera b’ishengero ryawe ry’intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n’ubw’ababanyi bawe.

**Umwiriza hanyuma wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

### **Indirimbo ziyumviriwe**

Mukiza ndagukeneye (159); Mpwemu we (53) Mwami Mana yanje (170)

***Kugaruka ku gicaniro- Ubuzima bwo gusenga hamwe n’ubutumwa bw’igihe c’iherezo***

## **Umusi w'Umunani: Igenekerezo rya 18 Nzero 2023**

### **UGUSENGA HAMWE N'UBUTUMWA BW'ABAMARAYIKA BATATU**

“Mwubahe Imana muyihimbaze kukw'igihe c'amateka yayo gishitse; musenge iyaremye ijuru n'isi n'ikiyaga n'amasoko y'amazi.” (Ivyahishuwe 14:7)

#### **Ubutumwa bw'umumarayika wa mbere n'uwa kabiri**

Nk'Abadventiste b'Umusi w'Indwi, twahamagariwe gutangaza ubutumwa bw'igihe c'iherezo buhambaye cane ku buryo atakindi kintu caterezwa kudusamaza (Ellen G. White, Testimonies for the Church, Vol.8, p.302). Twigisha ubutumwa bw'umumarayika wa mbere “aguruka yatiriye ijuru, afise ubutumwa bwiza butazoshira bwo kubarira ababa kw'isi” (Ivyahishuwe 14: 6), ahamagarira abantu bose kwubaha Imana, kuyihimbaza no “gusenga iyaremye ijuru n'isi, n'ikiyaga n'amasoko y'amazi” (Ivyahishuwe 14:7). Iyo mirongo itwibutsa ko inkomoko y'ikiremwa muntu ari ku Mana atari mw'ihindagurika. Dufise “ubutumwa bwiza butazoshira”- bubereye, bwamaho, bukenewe kandi butazoshira, bw'ingenzi kandi butagira iherezo!

Tuvuga kandi ubutumwa bw'umumarayika wa kabiri dusanga mu Vyahishuwe 14 :8: “Kirakomvomvotse Babuloni!” Ubwo butumwa bwera buhamagarira abigishwa b'Imana b'ukuri guheba uburyo bwo gusenga bwose n'ivyizerwa vyategetswe n'abantu bidashingiye kw'ijambo ry'Imana. Ivyo bitujana kure y'ivyizerwa vyatororokanijwe gutyo gusa bidashingiye ku Vyanditswe Vyera canke ngo bishigikirwe na Mpwemu w'ubuhanuzi. Sohoka muri Babuloni kugira ngo ntimufatanye n'ivyaha vyiwe mwoye guhabwa ku vyago vyiwe niko umumarayika wo mu Vyahishuwe 18 :4 niko azohava ateguka. Ubwo butumwa bwera ni umuhamagaro wo kwigaragaza mu gusenga kwacu kw'ukuri dusenga Imana!

#### **Ubutumwa bw'umumarayika wa gatatu**

Ariko, ncuti, namba ubutumwa bubiri bwa mbere buhambaye, Ellen White avuga ikintu kidasanze kuvyerekeye ubutumwa bw'umumarayika wa gatatu. Ellen White yanditse mw'ikete ryiwe rya 209 ati: “Ubushobozi bwo gutangaza ubutumwa bw'umumarayika wa mbere n'uwa kabiri butegerezwa gushirwa hamwe mu gutangaza ubutumwa bw'umumarayika wa gatatu” (1899). Kuber'iki? Kubera ko ubutumwa

bw'umumarayika wa gatatu bufata ubutumwa bw'umumarayika wa mbere nk'umuhamagaro wiwe wo gusenga! Bukagumbira umuhamagaro w'umumarayika wa kabiri wo kwitandukanya n'ugusenga kw'ikinyoma.

Ariko ugutangaza ubwo butumwa bwa gatatu gutandukanye n'ukw'ubutumwa bubiri bwa mbere kuko butanga ukugabisha gutey'ubwoba: "Ni hagira umuntu asenga ca gikoko n'igishushanyo caco, akemera gushirwako ikimenyetso mu ruhanga canke ku kiganza, uwo nawe azonywa kuri vino niyo burake bw'Imana yiteguwe idafunguye mu gakarabo k'uburake bwayo" Ivyahishuwe 14 :9-10). Ubwo butumwa bushira ahabona abasenga igikoko bashirwako ikimenyetso n'isi hamwe n'abasenga Imana bashirwako ikidodo n'ijuru!

"Aho niho ukwihangana kw'abera guserukira; bitondera ivyagezwe n'Imana n'ukwizera Yesu" (Ivyahishuwe 14 :12).

Kuvyerekeye ubwo butumwa Ellen White yongera kuvuga ati: "Ni ukuri kw'iki gihe. Ubwo butumwa butegerezwa gukwiragizwa mu buryo butomoye kandi mu nkomezi nyishi. Ntibutegerezwa kwijimishwa n'inyigisho n'ivyiyumviro vy'abantu" (Ikete rya 20, 1900). Mu gihe dusenga uyu musu, dusab'Imana ishimikishe ugusenga kwacu kugira ngo dushobore gutangaza mu nkomezi nyinshi ubutumwa bwayo bwo mu gihe ca nyuma tububwira isi iriko irapfa.

### **Tuvugane n'Imana yacu.**

Umwanya wo gusenga (iminota 30-45)

Gusenga twisunze ijamba ry'Imana- Ivyahishuwe 14 :7

"Mwubah'Imana muyihimbaze kuko igihe c'amateka yayo gishitse, musenge iyaremye ijuru n'isi n'ikiyaga n'amasiko y'amazi"

"Mwubah'Imana muyihimbaze"

Mana yacu uhambaye, Muremyi, Umwami w'amajuru n'isi, turagomba guca bugufi imbere y'ubwiza bwawe. Uri Imana yacu, Imana yonyene kandi ubereye amashimwe yacu, n'ugusengwa hamwe n'ubuzima bukwiye. Uratangaje, uri mwiza, urahambaye kandi ntawuhwanye nawe. Turagusavye ngo ushitse amasezerano kandi utwuzuze Mpwemu Yera



kugira ngo ubuzima bwacu buhinduke ugukayangana kwa kamere yawe y'urukundo. Niwiheshe icubahiro kandi wihishure binyuze muri twebwe, ni vyo tugusavye. Amen.

“Kuko igihe c'amateka yayo gishitse”

Yesu, ijambo ry'ubuhanuzi bwo mu gitabo ca Daniyeli no mu Vyahishuwe aratomoye: Tubayeho mu gihe c'urubanza rwa kahise k'isi. Turagushimiye ko dushobora kugira ivyizigiro muri wewe k'ubutungane bwawe buhagije, bwahindutse ubwacu kubwo kwizera kandi biduha ivyizigiro vy'agakiza imbere y'urubanza. Dufashe, kubw'ubuntu bwawe, kugira ngo tubeho ubuzima bwo gukorera abandi kandi bushimikiye ku gikorwa, mu kukwubaha mu vyo dukora vyose. Amen.

“Kandi musenge iyaremye ijuru n'isi”

Oh Yesu, iyo turavye iyi si n'amajuru, turatangazwa n'ubwiza bw'ibikorwa vyawe. Nubwo icaha cagize ingaruka kuri ivyo vyose, imisi yose turashobora kubona ko uri umunyabugenegene w'umuhinga washize ubwiza nk'ubu n'ubuhinga mu vyo wakoze. Ntitwobayeho utariho. Urakoze kuba waraduhaye ku buzima bwawe kandi ukaba waturemye ngo ntitubeho twibeshejeho ariko ngo tubeho mu mushikirano nawe w'ibihe vyose, wewe muremyi wacu. Amen.

### **Uturorero twinshi tw'amasengesho mwokwisunga**

**Amashimwe no guhimbaza:** Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

**Kwatura:** Fata iminota mikeye kugira ngo muburyo bwibanga waturire Imana kandi uyushimire ikigongwe cayo.

**Gusaba inama:** Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n'ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur'iki gihe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ubukene bw'ishengero mu karere no ku rwego rw'isi

**Ubukene bw'aho mubaye:** Sengera ubukene abizera b'ishengero ryawe ry'intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n'ubw'ababanyi bawe.

**Umwiriza hanyuma wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

### **Indirimbo ziyumviriwe**

Twame dusabira abazimiye 78; Kiz'abanyavyaha 76 Vuz'inzamba 9

*Kugaruka ku gicaniro- Ugusenga kurinda ubwenge*

## Umusi w'Icenda : Igenekerezo rya 19 Nzero 2023

### NTUTAKAZE UMUTWE

“Rinda umutima wawe kurusha uko worinda ikindi kintu cose, kukw’ariho ubugingo bududubiriza” (Imigani 4 :23)

#### Umutima w’ingorane

Umutima w’umuntu utavuguruwe ni ikintu co kwirindwa. Iyo muravye amakuru ku musi ku musi, muzobona ibiremwa bantu kuburyo butuma dukekeranya ku bumuntu bwabo. Ibikorwa bitangaje vy’urukundo n’uburwaneza birakoreka mw’isi yose buri kanya kose k’umurango, ariko kandi ntagukekeranya ko ikibi naco cigaragaza aho hose dushitsa amaso. Mu gihe duciwe intege n’intambara zidahera, politike mbi yononekaye, imigumuko itagira ishingiro ishika henshi, dutegerezwa kwemanga kandi ko hose aho ibikorwa bibi bikorerwa, imitima y’abantu yononekaye iba iri ku gikorwa.

Mu vy’ukuri, Bibiliya nta kintu kinini ivuga ku mitima y’abantu itumvira Yesu Kristo Imana ivuga iti: “Umutima uribeshya kuruta ibindi vyose, urwaye indwara itavurwa: ni nde yowumenya?” (Yeremiya 17 :9). Umutima Imana iriko iravuga hano si “inyama” iri mu gikiriza cacu ahubwo n’ “umutima-bwenge” - icicaro c’ivyiyumviro, ihuriro ry’ubwenge n’inyifato, isoko ridudubizamwo ivyifuzo vyacu. Yesu yarabisiguye neza cane aho yagira ati: “Umunyangeso nziza akura ivyiza mw’itunga ryiwe ryiza ryo mu mutima wiwe, n’umunyangeso mbi akura ibibi mw’itunga ryiwe ribi: ibibogaboga mu mutima ni vyo akanwa kiwe kavuga” (Luka 6 :45).

#### Dutahura ko dusenga

Ellen White yanditse ibi bikurikira kuvyerekeye agaciro k’umutima w’ubwenge w’umuntu: “Umutima w’ubwenge niwo ugenzura umuntu uko yakabaye. Ibikorwa vyacu vyose, vyiza canke bibi, bifise inkomoko mu bwenge bwacu. Umutima w’ubwenge niwo usenga Imana kandi ukadufatanya n’ibiremwa vyo mw’ijuru.” (Mind, Character, and Personality, Vol.1, p, 72). Umutima w’ubwenge niwo Imana ishaka kujana mu ntambara tugwanya inarije n’ikibi.

Avuga ku bushobozi bwa Bibliya mukurera umutima w'ubwenge, Ellen G White yarongeye aravuga ati: "Nta na kimwe kizotanga inguvu ku bisata vyose gusumba guhimiriza abanyeshure ngo bafate nkama ukuri gutangaje kwahishuwe. Ubwenge buramenyera intambuko kuyindi ibintu bwatumberejweko bukemererwa kubitebako" (Testimonies for the Church, Vol. 5, p.24). N'uwahe muhezagiro? N'uwo kumenya ko ubwenge bwacu bushobora kuvugururwa n'ijambo ry'Imana rikiza!

### **Rinda umutima wawe**

Umutima w'umuntu utegerezwa kurindwa, kubungabungwa, kuzigamwa, nk'uko Salomon yabihimirije mu Migani 4 :23. Nk'uko umwami Dawidi yabikoze dutegerezwa gusaba Imana ngo ireme muri twebwe imitima n'impwemu zitunganye (Zaburi 51: 10), ariko dutegerezwa kubungabunga iyo mpano mu bukerebutsi ntangere. Ibihe vyamaho mu myanya umuntu yiharije yageneye uguhimbaza n'isengesho, ukwiga Bibiliya n'ibishingantahe bizodufasha vyinshi mu kugumiza ivyiyumviro vyacu kuri Yesu Kristo kuruta ikindi kintu ico arico cose twokora buri musi: "Uzozigama amahoro masa umuntu akwegamikako umutima wiwe kukw'akwizigiye" (Yesaya 26 :3). Murinde imitima yanyu, no mu gihe abandi bose batakaje iyabo.

### **Tuvugane n'Imana yacu**

Umwanya wo gusenga (iminota 30-45)

Gusenga twisunze ijambo ry'Imana- Imigani 4:23

"Rinda umutima wawe kurusha uko worinda ikindi kintu cose, kukw'ariho ubugingo bududubiriza"

"Rinda umutima wawe"

Yesu, muri iyi si irimwo ibisamaza vyinshi hamwe n'urusaku rw'amakuru, turagwana kugira ngo twamize ivyiyumviro kuri wewe. Turatahura ko tubeshejweho nawe kandi turagusavye ngo utwemerere turinde imitima yacu. Dufashe kugira ngo buri musi duhitemwo neza kugira ngo tugume dutunganye turinzwe ibitero vy'umubi. Amen.

"Mu bukerebutsi ntangere"

Mukiza mwiza, urakoze kubw'amasezerano waduhaye. Urakoze ko watweretse ingene urukundo rw'ukuri rumeze no kwitanga. Urazi ingene vyama bitugora kukwitangira no kwitangira igikorwa cawe. Kandi twihutira kwigisha abandi twebwe tutarigera twiyigisha. Duharire uburyarya bwacu kandi utuyobore mu buzima bw'ubwizigirwa. Amen.

“Niho ubugingo bududubiriza”

Mana, turibagira kenshi ingene imitima yacu ari iy'agaciro, ihimbaye kandi y'ingenzi, maze tukayihohotera mukwemera ko ibintu bimwe bimwe bigira ubwaku ku buzima bwacu. Kumbure ntitubona ingene ivyo vyose biduhindura abo turi bo hamwe n'ivyo twizera kuri wewe. Twigishe kuba maso kugira ngo twemerere gusa ubwaku bwejeje mu buzima bwacu. Ni winjire Mwami, ubeho ubuzima bwawe muri twebwe. Amen

### **Uturorero twinshi tw'amasengesho mwokwisunga**

**Amashimwe no guhimbaza:** Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

**Kwatura:** Fata iminota mikeyi kugira ngo mu buryo bw'ibanga waturire Imana kandi uyushimire ikigongwe cayo.

**Gusaba inama:** Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n'ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur'iki gihe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ubukene bw'ishengero mu karere no ku rwego rw'isi

**Ubukene bw'aho mubaye:** Sengera ubukene abizera b'ishengero ryawe ry'intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n'ubw'ababanyi bawe.

**Umviriza hanyuma wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

### **Indirimbo ziyumviriwe**

Ndagomba gusa nawe 130; Waman'imigabo yo gutungana 28; Gumana nanje 29;

***Kugaruka ku gicaniro- Ubushobozi bwo kurangiza igikorwa***

## Umusi w'Icumi: Igenekerezo rya 20 Nzero 2023

### NDAGENDA !

“Ndatuma nde? Ni nde yotugira! Maze ndavuga nti ndi hano ba ari jewe utuma!” (Yesaya 6:8).

#### Abizera baragenda

Ni nde yiteguye kugenda? N'ikibazo Imana yabajije Yesaya igihe yaronka iyerekwa rivuye ku Mana ryahinduye ubuzima bwiwe. Uwo mwanya wabayemwo ibintu bidasanze atashobora kwiyumvira. Imana yari yicaye ku ntebe y'ubwami “ndende kandi ishizwe hejuru” –Yesaya 6 :1.

Ikanzu yiwe yari yuzuye urusengeru mu gihe abamarayika bafise amababa atandatu bamuririmbira basemerera bati “Uwera, Uwera, Uwera ni we Uhoraho nyen'ingabo: isi yose yuzuye icubahiro ciwe!” (Imirongo ya 2-3). Mu gihe Imana yari itanguye kuvuga ibikingi vy'imiryango y'urusengeru vyatanguye kunyeganyega maze umwotsi wuzura urusengeru. Ivyabaye vyose vyarateye ubwoba Yesaya ku buryo yatatse ati: “Mbonye ibara ndapfuye, kuko nd'umunyaminwa yanduye kandi mba hagati y'ubwoko bufise iminwa yanduye ; kukw'amaso yanje abonye Umwami Uhoraho Nyen'ingabo” (umurongo wa 5). Mbega twomutwenga? Ni nde ashobora kubona Imana ngo ntabone ko ari umunyavyaha?

Yesaya yatewe ubwoba n'ubweranda n'icubahiro c'Imana, ariko Imana ntiyiyerekana gusa kugira ngo idutere ubwoba. Ukwiwihisha kw'Imana ubwayo kwama gukurikirwa n'igisabo. Ni ko vyagenze nk'akarorero, igihe yaha Yohana iyerekwa rya Yesu Kristo mu gihe yari yarirukaniwe kw'izinga Patimos. Iyerekwa rya Yohana ry'iherezo ry'isi no kugaruka kwa Yesu ryategerezwa gusabikanywa. Uko nyene niko igihe Imana yiyereka Yesaya, yariko irarondera intumwa yiteguye kugenda gukwiragiza ubutumwa bwayo bw'urukundo no kugabisha. Inyishu ya Yesaya ni inyishu itari bwigere itangwa kuva kera: “Ndi hano! Ba ari jewe utuma!” (Umurongo wa 8)

#### Kimwe ku kindi

Ariko hari ikintu Imana yakoreye Yesaya camushikanye kukwemera umuhamagaro wo kugenda. Igihe Imana yamukurako icaha, ikamweza icaha ciwe, inyishu ya Yesaya ku buntu bw’Imana yabaye iyi ngo: “Ndagenda” (Yesaya 6 :8). Ingingo yiwe yo kwemera igikorwa c’Imana yafashwe mu bihe vy’ubuzima yabayeho yihererana n’Imana. Ubushobozi yari agiye kugira ku bantu kubw’Imana bwari ubwo yaronkeye mu kwihererana n’Imana. Umwanditsi yasizwe amavuta, umuhanuzi w’umwizigirwa, umuvugabutumwa adatinya, ivyaranga Yesaya umuravye inyuma kwari ukwigaragaza kw’ibiri muri we. Yari yarabanye ku gicaniro n’Imana!

Mu gihe turiko turaheraheza ibihe vyo kuba mu misi 10 y’amasengesho, turasenga kugira ngo umwe wese atangure kwubaka igicaniro ciwe bwite kugira ngo azoze arasenga ku musu ku musu. Twizigira ko umuryango wanyu wahisemwo guhura n’Imana mu gatondo no ku mugoroba. Ariko ikiruseho, turasenga kugira ngo mwemere ubutumire budasanzwe bw’Imana bwo kugenda. Mu gukora gutyo, muzokorwako kandi “Kuri abo bishikana mu buryo bwuzuye Imana ishobora gukoza ikara ku minwa yabo babwirwa ngo: ‘Genda mu murima kwimbura. Nzokorana nawe’” (Ellen G. White Gospel Workers, p. 23).

### **Dusengere hamwe.**

Umwanya wo gusenga (iminota 30-45)

Gusenga twisunga ijambo ry’Imana- Yesaya6:8

“Ndatuma nde? Ni nde yotugira? Maze ndavuga nti ndi hano ba ari jewe utuma”

“Ni nde notuma...?”

Mana, Kuba ari ngombwa ko ubaza ico kibazo n’icagiriji gikomeye kuri twebwe. Ntitwigeze twishura umuhamagaro wawe wo kugukorerana no gutangaza ubutumwa. Kenshi twumva umenga turarengewe n’igikorwa umenga ntigishoboka c’ivugabutumwa kw’isi yose. Ahandi naho, usanga gusa twatwawe n’imyitwarariko y’ubuzima bwacu bwite, integuro zacu bwite, n’ivyipfuzo vyacu. Turababaye, Mana. Duharire kandi udukoreshe mu ruzabibu rwawe; turabigusavye. Amen.

“Ndi hano”

Yesu mwiza, warahamagaye, none ubu nditavye. Ndi hano. Nta kintu kinini mfise co kuzana, ariko kumenya yuko uri kumwe nanje, ico nico nkeneye kumenya conyene, kuri abo utuma, uzobashoboza kandi gukora ibikorwa vya Yesu. None rero ehe ndi hano Mwami. Akira uwo mugabo, uwo mugore, uwo mwana maze wiheshe icubahiro binyuze mu buzima bwanje. Amen.

“Ntuma”

Mana, turabonye ko intumbero y’ubuzima bwacu ari ukugaragaza kamere yawe y’urukundo kuri iyi si. Turungike ku gikorwa mu murima wawe. Twereke aho uriko urakorera igikorwa kugirango twifatanye mu gikorwa na Mpwemu wawe. Yobora ivyiyumviro vyacu n’imigambi yacu, ubucuti bwacu n’utwigoro twacu tw’ivugabutumwa. Turashaka gukayangana kubwawe, Yesu. Dutume! Ntuma. Ndagenda! Amen.

### **Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga**

**Amashimwe no guhimbaza:** Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

**Kwatura:** Fata iminota mikeye kugira ngo mu buryo bw’ibanga waturire Imana kandi uyushimire ikigongwe cayo

**Gusaba inama:** Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

**Ishengero ryacu:** Sengera ubukene bw’ishengero mu karere no ku rwego rw’isi

**Ubukene bw’aho mubaye:** Sengera ubukene abizera b’ishengero ryawe ry’intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n’ubw’ababanyi bawe.

**Umwiriza hanyuma wishure:** Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

### **Indirimbo ziyumviriwe**

Aho nzohamagarwa hose 155; Ntushake urwitwazo 145; Aho azonyobora hose 136.